Distri Lekòl Rejyon Palm Beach, FL

# Règleman sou Konpòtman Elèv

2018-2019

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la angaje l pou ekselans nan edikasyon ak preparasyon tout elèv nou yo nan konesans, aptitid ak etik ki nesesè pou vin sitwayen responsab ak anplwaye pwodiktif.

Elemantè (K-5)

# Tabdèmatyè


| | |
|---|---|
| Direktiv | 2 |
| Prezans | 5 |
| Kòd sou Abiman ak Inifòm Elèv | 8 |
| Konduit ak Konpòtman Elèv | 10 |
| Limit sou Kòd Konduit Elèv | 13 |
| Regleman sou Medya Sosyal | 17 |
| Direktiv sou Disiplin | 18 |
| Sanksyon Distri a Enpoze | 23 |
| Otorizasyon pou Sispansyon | 24 |
| Pwosesis Apèl pou Sispansyon | 25 |
| Disiplin pou Elèv ki Kalifye pou Resevwa Sèvis IDEA | 26 |
| Disiplin pou Elèv ki Kalifye pou Resevwa Sèvis dapre Sekson 504 | 31 |
| Ekzanpsyon pou Bon Rezon dapre Lwa 1006.15 | 36 |
| Glosè (lis definisyon tèm yo) | 37 |
| Akwonim | 46 |

# Prensip Fondamantal

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la kwè toutbon nan yon kilti lekòl pozitif ki ankouraje opòtinite edikatif egal epi tabli fondasyon pou yon anviwònman aprantisaj ki pezib. Kòd sou Konduit Elèv la gen yon seri règleman, prensip, ak lwa kote yo tabli ak obsève lòd pou benefis tout moun.  Disiplin nan yon lekòl dwe gen tout kalite pou objektivite, konsistans ak ekite. Se responsablite tout pèsonèl lekòl la, elèv, paran, responsab ekstèn ak tout kominote a pou asire anviwònman lekòl la ap ankouraje yon klima favorab pou aprann.

Kòd Konduit Elèv se yon règleman edikatif ki baze sou entèvansyon ak sipò pou elèv yo. Sepandan, lè konsekans yo jistifye, y ap kapab aplike yo dapre yon sistèm disiplin pwogresif. Enfraksyon minè ak premye ofans gen konsekans mwen grav pase gwo enfraksyon ak ofans ki repete yo. Faktè tankou laj, nivo klas, devlopman sosyal, emosyonèl ak entelektyèl, ak dwa elèv ak responsablite pral antre an konsiderasyon. Pwoblèm disiplinè yo pral rezoud pa tout mwayen posib anvan eksklizyon nan lekòl la. Yo pral suiv pwosedi rezonab ak ekitab pou asire dwa elèv yo.

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la espere tout moun ki gen enterè yo demontre respè youn pou lòt pou dwa lòt moun. Yo atann pou tout moun ki nan ansèyman ak aprantisaj, konplètman aksepte responsablite yo pou demontre ak pratike Gid Invèsèl ak Atant sou Konpòtman: rete Pridan, Fè Respè w ak pran responsablite w. Chak lekòl dwe kreye pwòp Gid Invèsèl ak Atant sou Konpòtman yo.

Responsablite pati ki konsène yo dekri anba a.

**Responsablite Elèv yo**

- Vini lekòl chak jou, prepare pou aprann ak fè tout efò posib pou fini devwa yo.
- Obeyi regleman sou Kòd Konduit ak règ debaz lekòl la.
- Montre ak pratike konpòtman ki konvnab ak prensip inivèsèl
- Rapòte bay estaf lekòl la nenpòt konpòtman grav, entimidasyon oswa pèsekisyon oswa aktivite ki fèt nan lekòl la oswa andeyò lekòl la lè sa kapab koze entèripsyon nan kad edikatif la.
- Asepte ak respekte diferans endividyèl chak moun an patikilye epi tout moun.
- Pote nan lekòl la materyèl ki otorize sèlman
- Enfòme paran yo sou pwoblèm ki gen rapò ak lekòl la.
- Mande pèsonèl sipò lekòl la oswa lòt granmoun kredib pou ede w rezoud pwoblèm ou yo.

**Angajman Paran/Responsab yo**

- Li manyèl Kòd Konduit la ak pitit ou a (yo).
- Fè sèten pitit ou a (yo) al lekòl chak jou epi rive alè
- Rapòte absans ak reta nan yon delè konvnab
- Kontwole pwogrè akademik ak konpòtman pitit ou (yo)
- Pale ak pitit ou (yo) sou lekòl ak konpòtman n ap atann
- Vizite lekòl pitit ou a (yo) si l nesesè
- Jwe yon wòl aktif epi sipòte eksperyans edikatif pitit ou a (yo)

- Anseye ak montre pitit ou a (yo) kijan pou respekte dwa ak pwopriyete lòt moun

**Responsablite Pwofesè yo**

- Anseye ak revize Kòd Konduit elèv la
- Itilize plan akademik ki byen planifye, kreatif ak enteresan chak jou
- Tabli sa w ap atann, anseye , montre epi ranfòse konpòtman pozitif
- Itilize estrateji pwofesyonèl nan klas ki apwopriye pou kenbe yon anviwònman aprantisaj ki sipòte siksè akademik
- Bay elèv yo opinyon ki valab ak enpòtan lè yo fè pwogrè nan domèn akademik ak konpòtman
- Itlize estrateji prevantiv ak fè entèvansyon pou kapab kenbe klas la sennesof ak nan lòd
- Pwopoze reyaksyon korektiv ak re-anseye konpòtman apwopriye lè yon elèv demontre movèz konduit
- Itilize jijman pwofesyonèl pou anpeche ti ensidan minè yo vin pi grav
- Enfòme paran yo sou pwogrè akademik ak konpòtman elèv la atravè kominikasyon regilyè
- Refere elèv ki bezwen plis sipò nan *Problem Solving/School Based Team*
- Mande fòmasyon adisyonèl ak/oswa devlòpman estaf si nesesè

**Responsablite Administratè Lekòl yo**

- Distribye Kòd Konduit Elèv la bay tout responsab lekòl yo
- Aplike Kòd Konduit Elèv la nan yon fason jis ak konsistan
- Aplike tout règleman Komite Dirijan Lekòl Rejyon Palm Beach nan yon fason jis ak konsistan
- Pou kenbe klas la sennesof ak nan lòd nan itilize estrateji prevantiv ak fè entèvansyon
- Fè kòmantè ki valab ak enpòtan lè elèv yo fè pwogrè nan domèn akademik ak konpòtman
- Kominike règleman, atant ak enkyetid yo epi reponn ak plent oswa pwoblèm elèv ak paran nan yon delè konvnab
- Itilize jijman pwofesyonèl pou anpeche ensidan minè yo vin pi grav
- Kontwole, sipòte ak soutni aplikasyon efektiv la epi antreteni Sipò Konpòtman Pozitif tout Lekòl (*School wide Positive Behavior Support -SwPBS)*
- Defini, anseye, bay egzanp, ranfòse ak sipòte konpòtman apwopriye elèv yo afiche pou kreye yon anviwònman akademik pozitif
- Ofri opòtinite ki valab pou patisipasyon ak entegrasyon paran
- Idantifye fòmasyon ak resous ki apwopriye si nesesè pou aplike entèvansyon ak sipò konpòtman pozitif
- Tabli yon Ekip ki pou Evalye Menas ki konpoze avèk moun ki gen ekspètiz nan bay konsèy, ansèyman, administrasyon lekòl ak moun k ap ranfòse lwa. Responsablite yo enkli kowòdinasyon resous, evalyasyon ak entèvansyon sou elèv ki gen konpòtman ki poze yon menas pou sekirite lekòl ak/oswa estaf la

**Responsablite Estaf Adisyonèl ki Baze Lekòl la**

- Montre ak sipòte elèv ki gen konpòtman apwopriye pou kapab kenbe anviwònman lekòl sennesof ak nan lòd
- Fè kòmantè ki valab ak enpòtan lè elèv yo fè pwogrè nan domèn akademik ak konpòtman
- Pwopoze reyaksyon korektiv ak re-anseye konpòtman apwopriye lè yon elèv demontre movèz konduit
- Kontwole, sipòte ak soutni egzekisyon efektiv epi antreteni anviwonman pou aprann ak yon kilti eskolè pozitif
- Itilize jijman pwofesyonèl pou anpeche ti ensidan minè yo vin pi grav

**Responsablite Estaf Distri a**

- Kreye ak aplike règleman ak pwosedi ki ankouraje lòd nan lekòl pou tout elèv, estaf lekòl ak direktè/tris
- Pwoteje dwa legal estaf lekòl, direktè/tris, elèv ak paran
- Ofri seminè ak resous apwopriye pou aplike metòd entèvansyon pou konpòtman pozitif ak sipò pou chak lekòl
- Ede paran ki pa kapab rezoud pwoblèm yo nan nivo lekòl la
- Itilize done disiplin patikilye lekòl la pou idantifye ak òganize sèvis devlopman pwofesyonèl pou administrtè ak anplwaye lekòl yo
- Revize ak repase Kòd pou Konpòtman Elèv la chak ane

Responsab lekòl yo se patnè kolaboratif nan edikasyon epi chak jwe yon wòl enpòtan nan angajman pou edike tout elèv atenn kapasite maximòm yo.

# Prezans

Règleman sa a se pou ankouraje prezans regilye lekòl ak ponktyalite, tabli kondisyon sou prezans elèv, montre direktiv oswa pwosedi pou fè swivi prezans ak rapò, ak tabli pwosedi pou sipòte elèv ki toujou absan epi k ap fè woul jan Lwa, règ, ak règleman Florid yo mande li.

Rechèch endike elèv yo manke lekòl pou plizyè rezon, ki kapab divize an twa gran kategori (Enpòtans pou vin nan Lekòl: Yon Rapò sou Absanteyis nan Lekòl Piblik peyi a. Robert Balfanz & Vaughn Byrnes, Jan Hopkins University Sant pou Òganizasyon Sosyal nan Lekòl, Me 2012):

a. Elèv *ki pa kapab ale* lekòl akoz maladi, responsablite fanmi, pa gen rezidans fiks pou rete, bezwen travay oswa enplike nan sistèm jistis jivenil.

b. Elèv *ki pa pral lekòl* akòz entimidasyon, kondisyon danjere, arasman, ak anbarasman.

c. Elèv *ki pa ale lekòl* paske yo menm oswa paran yo, pa wè enpòtans ki genyen lè yo ale, yo gen yon lòt bagay yo prefere fè, oswa pa gen anyen ki kapab fòse yo ale lekòl.

Règleman sa a aplike pou elèv Distri a ki enskri nan klas Pre-K rive 12$^{\text{yèm}}$ ane

Komite a kwè prezans regilye lekòl ak ponktyalite jwe yon wòl enpòtan nan siksè yon elèv, paske gen yon korelasyon solid nan ale lekòl regilyèman, siksè akademik, ak fini lekòl. Malgre prezans nan lekòl se responsablite paran oswa responsab ak elèv yo, Distri a dedye pou ogmante patisipasyon paran ak gadyen nan tout aspè nan lavi elèv yo, enkli rediksyon nan absans kwonik ak woul.

Pou konbat absans san motif ak woul, tout lekòl nan Distri a angaje yo pou ofri entèvansyon ki kiltirèlman, lengwistikman jis e ki apwopriye a laj. Yo pa dwe trete elèv nan Distri a yon fason diferan poutèt prezans, absans oswa woul sou baz ras, koulè, etnisite, orijin nasyonal, sèks, oryantasyon seksyèl, kondisyon marital, laj, relijyon, andikap, enfòmasyon jenetik, idantite seksyèl oubyen ekspresyon .

Konfòmeman ak Lwa Florid. § 1003.26, sipèentandan an responsab pou ranfòse prezans lekòl pou tout timoun ak jèn dapre laj lekòl ki obligatwa nan lekòl Distri a.

a. **Kondisyon sou Prezans, Absans ak Ekskiz**

i. *An jeneral.* Eksepte jan sa di nan Fla. Stat. § 1003.24 ak Règ Konsèy Edikasyon Eta a 6A-1.09513, yo atann pou tout elèv ale lekòl regilyèman epi yo dwe alè nan klas pou kapab benefisye pwogram edikatif ak devlope abitid ponktyalite, disiplin pèsonèl, ak responsablite. Chak elèv oblije ale lekòl pandan sankatreven (180) jou chak ane. Pou yo kapab konfòme yo ak egzijans prezans sa yo, elèv yo pa dwe akimile kenz (15) absans san motif nan yon peryòd katrevendis (90) jou kalandriye.

ii. *Notifikasyon Paran sou Absans nan Lekòl*. Paran ak responsab yo dwe avize lekòl la lè yon timoun pral absan epi enfòme lekòl la sou rezon absans la. Kidonk, yo atann pou paran ak responsab avize lekòl la lè pitit yo absan epi enfòme lekòl la sou rezon absans la nan vennkat (24) èdtan pa ekri. Sinon, elèv ki retounen apre yon absans ap oblije prezante yon eskiz eksplikativ paran oswa responsab yo ekri ki fè konnen koz absans la.

iii. *Kontwole Absans yo*. Lekòl la dwe suiv absans ki jistifye ak ki pa jistifye ak prezans nan sistèm òdinatè Distri a.

iv. *Ratrapaj nan Devwa*. Pou absans ki jistifye ak ki pa jistifye, enkli sispansyon, elèv la ap gen opòtinite pou refè devwa san penalite akademik. Pou sispansyon nan lekòl, elèv yo ap resevwa devwa chak jou. Pou sispansyon andeyò lekòl elèv yo ap resevwa devwa nan yon delè konvnab.

a. *Eskize oswa absans san motif*. Kantite jou yo pèmèt pou ratrape travay la ap menm kantite ak jou elèv la te absan. Se responsablite elèv la pou kontakte pwofesè li (yo) sou ratrapaj devwa yo ak konplete tout travay ratrapaj alè.

b. *Sispansyon*. Pou sispansyon nan lekòl ak sispansyon andeyò lekòl, tout travay dwe soumèt nan jou ou retounen soti nan sispansyon an.

v. *Rapò sou Kanè Elèv la*. Prezans, enkli absans ak reta, se pou yo rapòte sou kanè elèv, jan Lwa Florid § 1003.33 (1) (c) ak (2) mande li.

**Rive Anreta ak Lage Bonè**

Konsèy la rekonèt tanzantan gen sikonstans konvenkan ki egzije pou yon elèv an reta nan lekòl oswa lage anvan fen jounen lekòl la. Paran oswa responsab yo dwe swiv menm pwosesis yo pou jwenn yon eskiz pou reta oswa jwenn pèmisyon pou lekòl lage pi bonè, menm jan yo fè pou jwenn yon eskiz pou yon absans. Yon modèl pou non-patisipasyon nan aktivite akademik yo te tabli akoz reta, siyen pou ale bonè oswa absan pandan tout oswa nenpòt pati nan jounen an.

i. Rive Ta oswa Anreta. Elèv ki vin ta lekòl/klas lè jou/peryòd klas kòmanse, konsidere kòm anreta. Twòp reta dwe adrese sou yon baz youn pa youn pou detèmine si gen yon modèl pou pa-prezan. Sòf si li eskize anba dispozisyon ki nan règleman sa a, yo pral anrejistre reta

ki akimile kòm absans san motif ki konsistan avèk Lwa Florid. § 1003.02 (1) (b) ansanm ak règleman sa a. Lè yon elèv segondè manke senkant (50) pousan oswa plis nan peryòd klas edikatif yo idantifye a akòz lage bonè, se pou yo konsidere elèv la kòm absan.

ii. Lage Bonè. Twòp siyen bonè dwe adrese sou yon baz youn pa youn pou detèmine si gen yon modèl pou pa-prezan. Sòf si li eskize anba dispozisyon ki nan règleman sa a, yo pral anrejistre reta ki akimile kòm absans san motif ki konsistan avèk Lwa Florid. § 1003.02 (1) (b) ansanm ak règleman sa a. Lè yon elèv segondè manke senkant (50) pousan oswa plis nan peryòd klas yo idantifye a akòz lage bonè, se pou yo konsidere elèv la kòm absan.

iii. Nan lè Klas. Yo pa dwe voye elèv lakay oswa refize admèt yo nan lekòl akòz reta. Elèv ki rive an reta pou nenpòt peryòd klas dwe gen pèmisyon pou kontinye nan klas yo apre yo fin jwenn dokiman apwopriye pou reta yo.

iv. Règ Lekòl oswa Règleman. Nenpòt lekòl ki tabli yon prensip sou rive an reta ak/oswa lage bonè oswa yon dispozisyon dwe soumèt règ oswa regleman lekòl la pwopoze a bay Sipèentandan Zòn nan pou revizyon ak apwobasyon avan aplikasyon règ/règleman an.

**Privilèj pou Kondui ak Prezans: Rapòte nan Depatman Sikilasyon pou Sekirite Woutyè ak Veyikil a Motè**

Konfòmeman ak Lwa Florid. §§ 322,091 ak 1003.27, Distri a mande pou fè rapò bay Depatman Sikilasyon pou Sekirite Woutyè ak Veyikil a Motè (DHSMV) non, dat nesans, sèks ak nimewo sekirite sosyal elèv ki gen laj 14 - 18 ki akimile kenz (15) absans ki pa jistifye nan nenpòt peryòd 90-jou lekòl. Chak fwa yon elèv gen yon total kenz (15) jou absans ki pa jistifye nan lekòl pandan nenpòt semès, yap konsidere elèv la abitye absan. Komite Dirijan an otorize sipèentandan an pou enfòme elèv la ak paran/responsab sou dosye absans eksesif la ansanm ak entansyon Distri a pou enfòme DHSMV sou absans eksesif elèv la

An akò ak lwa, Distri a va fè yon odyans sou demann nenpòt elèv ki gen lisans li sispann dapre seksyon sa a. Konsèy la otorize sipèentandan an kòmsadwa pou devlope pwosedi administratif pou aplike pwosedi administratif pou odyans sa a, ki konsistan avèk lwa eta a ak asistans teknik soti nan Depatman Edikasyon Florid. Direktè/tris la oswa reprezantan li ap kondui yon odyans pou difikilte nan trant jou (30) apre li resevwa demann la an akò avèk pwosedi Sipèentandan an tabli.

# Kòd sou Abiman ak Inifòm Elèv

Distri a genyen yon fonksyon fondamantal pou kreye ak kenbe yon anviwònman edikatif pozitif nan ankourajman atansyon pou aprantisaj, ogmantasyon sekirite nan lekòl, pwomouvwa disiplin ak bon konpòtman, redui twoub ak distraksyon. Komite Egzekitif la kwè abiman ak prezantasyon apwopriye fasilite yon anviwònman ki pwodiktif ak efektif. Konsa, nou atann pou tout elèv abiye kòm sa dwa pou aktivite laj, klas li, lekòl, ak lòt aktivite lekòl yo.

Elèv ki abiye oswa prezante yon fason ki sibstansyèlman oswa potansyèlman pwovokan twouble anviwònman edikatif oswa pwogram lekòl paske l kreye distraksyon ki entèfere ak pwosesis edikatif oswa, prezante yon pwoblèm sekirite oswa risk pou elèv oswa nan kominote leklòl ki pa pèmèt sa a. Se direktè/tris oswa reprezantan l ki detèmine ki sa ki konstitye yon pwoblèm sante oswa sekirite, oswa ki sa ki konstitye distraksyon elèv nan aktivite nan klas, oswa sa ki konstitye twoub nan pwogram lekòl oswa antretyen pwopriyete lekòl la. Direktè/tris la oswa reprezantan l ap genyen otorite final pou deside si abiman yon elèv satisfè kòd sou abiman oswa inifòm. epi l ap itilize diskresyon rezonab nan entèpretasyon ak egzekisyon pwovizyon prensip sa a. Kòd sou abiman ak inifòm jan sa dekri pi ba a ap aplikab pou distri a.

Yo dwe tradui tout dokiman, fòm ak kominikasyon yo bay paran ki pale yon lang yo idantifye kòm yon lang Prensipal nan Distri a. Anplis, paran ki pale lòt lang ki pa idantifye kòm lang Prensipal yo, y ap ofri tradiksyon alekri oswa entèpretasyon oral sou demann paran yo, oswa si bezwen pou tradiksyon oswa entèpretasyon an vin aparan.

Seksyon 1001.43 (1) (b) Lwa Florid, otorize Konsèy Dirijan an pou mande elèv mete inifòm oubyen enpoze lòt kondisyon ki gen rapò ak abiman si Konsèy Dirijan sa a konsidere kondisyon sa yo nesesè pou sekirite oswa byennèt kò elèv la oswa pèsonèl lekòl la.

Konsèy Dirijan an rekonèt chak elèv gen dwa ak libète ekspresyon epi dwa sa a dwe balanse ak responsablite Konsèy Dirijan an pou kapab bay klas ak lekòl la sennesof, an sekirite, ak nan lòd, epi yon anviwònman edikatif k ap sipòte objektif akademik ak responsablite edikatif sistèm lekòl la. Pou sipòte objektif ak atant sa yo, Komite Dirijan an tabli kòd sou abiman sa yo pou Distri elèv yo.

**Definisyon**

a. *Vètman* vle di abiman, chapo, bijou, valiz, akseswa oswa lòt atik pou aparans pèsonèl.

b. *Kòd abiman* vle di yon seri paramèt ki dekri rad elèv ki akseptab ak inakseptab pou asire sante ak sekirite tout elèv epi kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif; epi refere ak tout Distri a ak/oswa Kòd abiman espesifik lekòl la.

c. *Kòd abiman Elèv Tout Distri a* vle di yon seri paramèt jan Komite Dirijan Lekòl la detèmine li, ki dekri rad ki akseptab ak inakseptab pou asire sante ak sekirite pou tout elèv epi kreye yon anviwònman aprantisaj pozitif.

d. *Lekòl Espesifik (Estanda) Kòd abiman* vle di yon seri paramèt men se lekòl kote elèv la ye a kap detèmine li, ki dekri rad ak aparans ki akseptab ak inakseptab, enkli men pa limite ak, rad, makiyaj, tatou, ak bijou.

e. *Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman* vle di estil abiman diferan ak/oswa koulè espesifik elèv yo mete yon mwayen pou idantifye yo kòm manm nan yon kominote lekòl la epi se lekòl la ki detèmine li. Enkli nan definisyon yon *Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman* se abiman ki selektif oswa estanda nan yon pwogram akademik, espesyalizasyon oswa ochwa nan Distri a.

**Asistans pou Abiman**

Se yon règleman Komite Dirijan an pou pa refize prezans okenn elèv nan lekòl oswa refize bali edikasyon poutèt li pa mete abiman ki konfòm ak tout Distri a, yon (Estanda) espesifik yon lekòl, oswa *Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman*, kèlkeswa sa ki aplikab, si mankman sa a se akòz difikilte finansye. Chak direktè/tris lekòl ak SAC dwe devlope pwosedi ak kritè pou ofri asistans pou elèv ki pral genyen oswa ki gen difikilte konfòme avèk *Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman* lekòl yo akòz difikilte finansye. Paran yo kapab mande direktè/tris la oswa reprezantan an asistans sa yo. Idantite fanmi an oswa pitit la pa dwe devwale.

**Elèv ki Nouvo ak Transfere**

Elèv k ap antre nan Sistèm Lekòl Piblik Rejyon Palm Beach la pou premye fwa pandan ane lekòl la y ap akòde li yon peryòd gras jiska senk (5) jou avan yo mande pou l konfòme l avèk *Estanda Siperyè (Inifòm) Kòd abiman*, sof si lekòl la bay elèv la (yo) abiman pou l konfòme l avèk *Estanda Siperyè (Kòd Abiman Inifòm)*

# Konduit ak Konpòtman Elèv

- Kèlkeswa elèv la, depi nivo preskolè rive jis nan nivo granmoun, gen dwa pou resevwa yon edikasyon ki sen, nan yon anviwònman ki akeyan ak respektye. Tout edikatè (tris) gen dwa pou kapab fè travay li nan yon anviwònman kote pa gen okenn obstak k ap entewonp li ak anpeche li fè travay ansèyman li. Se atravè bon jan aplikasyon konsistan regleman ki nan *Kòd Konduit pou Elèv* la ak atravè egzekisyon prensip ki nan plan SwPBS ki fèt pou tout lekòl yo n ap kapab reyalize sa.

- Plan SwPBS a mete aksan sou fason pou anseye elèv yo konpòte yo ki kab ede yo fè pwogrè akademik, reyisi lekòl yo, ak ankouraje yon atmosfè lekòl kote elèv y oak estaf anplwaye lekòl yo pran responsabilite yo ak respekte youn lòt.

- Plan SwPBS a gen ladan: ansèyman regleman lekòl yo, ranfòsman konpòtman elèv yo, bon itilizasyon metòd jesyon salklas, ak atitid pozitif ki ankouraje teknik prevansyon pou dekouraje movèz conduit ak bon itilizasyon santans ki prevwa yo kòm konsekans.

- Lekòl nan rejyon Palm Beach (PBC) fèt pou avantaje tout elèv. Objektif edikatif lekòl yo reyalize pi byen nan atmosfè lekòl ki pozitif pou anseye, bay egzanp ak ankouraje bon konpòtman sosyal aseptab ak ankourajan pou elèv kab aprann ak pou pwofesè kab anseye. Dwe genyen tou yon gam konsekans ki byen ekilibre pou koresponn ak elèv ki gen move konpòtman atravè lekòl nan rejyon Palm Beach yo. (PBC).

- Konsèy Administrasyon Distri lekòl la pran tout inisyativ ki nesesè ak rezonab pou sipòte estaf anplwaye ak pwofesè yo aplike regleman ki nan *Kòd Konduit pou Elèv* la ak prensip administratif yo pou kenbe bon konpòtman lakay elèv yo. Pami prensip ak regleman enpòtan sa yo w ap jwenn sa ki nan domèn konduit, parapò ak metòd entèvansyon ak sipò konpòtmantal, pou ogmante atmosfè aprantisaj nan lekòl la ansanm ak prensip oswa regleman ki trete kesyon sispansyon ak ekspilsyon yo.

- Prensip ki pibliye la yo sèvi kòm kòd pou aplike konsènan konduit ak disiplin elèv epi yo valab pou tout elèv anjeneral. Prensip sa yo ki dwe sèvi kòm *Kòd Konduit pou Elèv* la yo fè pati prensip ofisyèl Konsèy Administrasyon an daprè lwa Eta Florid. Kopi dokiman sa yo disponib an lang Espànyòl, Kreyòl, Pòtigè, Kanjobal ak Mam sou sit entènèt Distri a, nan dosye achiv Biwo pwosèvèbal reyinyon Konsèy Administrasyon an, epi kopi yo sipoze disponib nan chak lekòl ak nan chak biwo sipèentandan rejyonal.

- Konsèy Administrasyon Distri Lekòl la rekonèt *Kòd Konduit pou Elèv la* dwe koresponn ak preskri Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Andikape yo (IDEA) ak sa ki nan Seksyon 504 Lwa sou Reyabilitasyon an (Seksyon (504). Kidonk, elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa sa yo dwe resevwa sanksyon disiplinè ki an konfòmite ak sa ki preskri nan lwa sa yo nan kad konsiderasyon ki fèt sou sa nan *Kòd Konduit pou Elèv* la, ki mansyone aplikasyon yo konsènan elèv ki klase nan kategori elèv IDEA oswa elèv 504.

- Konsèy Administrasyon Distri Lekòl la tabli prensip pou konpòtman ak metòd pou disipline elèv yo. Sipèentandan an dwe rekòmande, daprè prensip sa yo, yon *Kòd Konduit pou Elèv* Konsèy

Administrasyon an dwe adopte chak ane, an konfòmite ak lwa Eta Florid yo. *Kòd Konduit pou Elèv* sa a dwe disponib an Panyòl, Kreyòl, Pòtigè, Kanjobal ak Mam pou tout pwofesè, pèsonèl lekòl, elèv, paran ak responsab ni nivo primè ni nivo segondè kapab jwenn pou konsilte ak analize depi nan kòmansman chak ane eskolè.

- Konsèy Administrasyon an adopte *Kòd Konduit pou Elèv yo* daprè lwa Eta Florid kote l ap gen pou:

  a. Etabli prensip ak fondman byen detèmine pou pran aksyon disiplinè, tankou sispansyon nan lekòl la, sispansyon andeyò lekòl la, ekspilsyon ak nenpòt lòt aksyon disiplinè ki kab aplike pou ka posesyon oswa konsomasyon bwason alkolik sou pwopriyete lekòl la oswa nan moman patisipasyon nan yon fonksyon lekòl la oubyen pou konsomasyon, izaj, vant oswa posesyon sibstans entèdi tankou jan sa defini nan Chapit 893, Lwa Eta Florid.

  b. Etabli pwosedi ki dwe aplike pou aksyon ki merite disiplin yo ak metòd oswa fason pou transfere elèv k ap fè vyolans ak bay pwoblèm disiplin yo nan lòt pwogram edikatif altènatif.

  c. Defini ak esplike responsabilite ak dwa elèv yo konsènan asistans, respè pou lòt moun ak pou pwopriyete lòt moun, konesans ak obsèvasyon règ konduit, dwa pou aprann, libète lapawòl, piblikasyon elèv, asanble, entimite vi prive ak patisipasyon nan pwogram ak aktivite lekòl yo.

- Règleman sa yo rekonèt, konfòmeman ak atik 18 U.S.C. § 922(q)(1)(I)(2)(A) (Lwa sou zamafe nan zòn lekòl yo), "Li ilegal pou kèlkeswa moun nan, an tout konsyans li, posede yon zamafe… nan zòn kote moun nan byen konnen, oswa gen ase bon sans pou rekonèt, yon zòn kote ki gen yon lekòl" ak 18 U.S.C. § 922(q)(3)(A) "…[L]i ilegal pou kèlkeswa moun nan, kit se an tout konsyans oswa akoz neglijans enpridans pou sekirite lòt moun ozalantou yo, tire dechaje oswa eseye dechaje yon zamafe… nan yon zòn kote moun nan konnen ki se yon zòn lekòl."

- Règleman sa yo rekonèt, konfòmeman ak § 893.13(1)(c), F.S. (Zòn Lekòl kote pa dwe gen okenn dwòg), li ilegal pou kèlkeswa moun nan vann, fabrike, distribiye, posede ak entansyon pou vann, fabrike, distribiye nan, sou, oswa nan yon distans mil (1 000) pye parapò ak pwopriyete oswa enstalasyon lokal fizik yon gadri timoun daprè jan sa defini nan § 402.302, F.S., oswa yon lekòl primè oswa segondè, kit se te lekòl piblik oswa prive, ant 6 zè e minui

- Anplis, daprè atik 1006.07 lwa Eta Florid la, lalwa fè konnen:

  a. "… [N]enpòt elèv yo jwenn an posesyon yon zamafe, yon kouto oswa yon zam kèlkonk pandan elèv la sou pwopriyete lekòl la oswa ap patisipe nan youn nan kèlkonk aktivite oswa fonksyon lekòl la sijè pou jwenn sanksyon disiplinè ki kab menm genyen pousuit legal kòm konsekans."

  b. "[N]enpòt elèv yo jwenn ki pote zamafe… lekòl la, nan yon aktivite kèlkonk lekòl la ap fè, nan nenpòt otobis oswa mwayen transpò lekòl la ap jwenn ekspilsyon kòm santans, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif elèv sa a t ap resevwa lekòl la padan yon peryòd tan ki dire omwen yon (1) ane eskolè konplè ak rekòmande pou jwenn pousuit penal."

  c. "… [L]i ilegal, daprè jan sa defini nan Chapit 893, pou kèlkeswa elèv la itilize, posede, oswa vann kèlkeswa sibstans ki sou kontwòl, swa pandan li sou lakou lekòl la oswa nan yon fonksyon aktivite lekòl la ap fè paske sa kab lakoz yo pran sanksyon disiplinè ki kab menm genyen pousuit legal ak chaj kriminèl ki pran kont li."

d. "… [V]yolans ki fèt kont kèlkeswa manb pèsonèl lekòl la kapab lakoz lekòl la bay elèv la sispansyon pou pa vini lekòl la, ekspilse li oswa pran lòt aksyon disiplinè ki kab menm genyen pousuit legal ak chaj kriminèl ki pran kont li."

e. "… [V]yolasyon prensip oswa regleman distri a konsènan konpòtman nan otobis lekòl yo, tankou paegzanp konpòtman tapajè andedan bis lekòl, nan estasyon bis oswa nan pwen estasyònman bis kapab lakoz lekòl la sispann privilèj elèv la pou pa monte nan bis yo ankò ak lòt sanksyon disiplinè ki kab genyen pousuit legal ak chaj kriminèl ki pran kont li."

f. "…[V]yolasyon prensip regleman distri lekòl la konsènan pèsekisyon seksyèl kab lakoz lekòl la bay elèv sispansyon andeyò lekòl la, ekspilse li lekòl la oswa lòt aksyon disiplinè ki kab menm genyen pousuit legal ak chaj kriminèl ki pran kont li."

g. "… [N]enpòt elèv yo jwenn k ap fè menas sou lòt moun ak bay fo deklarasyon, daprè jan sa defini nan §§ 790.162 ak 790.163, [F.S.], lwa Eta Florid, ki enplike, respektivman, pwopriyete oswa pèsonèl lekòl la, mwayen transpò lekòl la oswa yon aktivite kèlkonk lekòl la ap òganize, ap jwenn ekspilsyon lekòl la kòm sanksyon, avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif nan lekòl regilye elèv lapandan omwen yon (1) ane eskolè konplè ak rekòmandasyon pou jwenn pousuit penal anplis."

- Nan kèlkeswa ka kote yon definisyon kèlkonk, aksyon disiplinè rekòmande oswa nenpòt dispozisyon nan regleman ki sèvi kòm baz pou kontwole konduit elèv yo ta an kontradiksyon ak lwa Eta a oswa prensip disiplin Konsèy Administrasyon Distri lekòl la, se lwa Eta a oswa regleman Konsèy Distri lekòl la ki dwe prime.

- Plent kont lekòl yo
  a. Distri a mande elèv yo, paran oswa responsab yo pou suiv ak aplike pwosedi ki tabli nan distri a pou yo pote plent oswa prezante doleyans yo genyen kòm griyèf konsènan kesyon disiplin yo kont lekòl la.

  b. Sipèentandan an la dwe tabli ki pwosedi ki genyen pou elèv yo ak paran yo prezante doleyans oswa griyèf yo konsènan kesyon disiplin yo devan otorite apwopriye lekòl yo.

- Tout etablisman lekòl yo gen kòm obligasyon pou soumèt tout regleman oswa prensip patikilye yo adopte nan nivo pa yo (paegzanp regleman sou inifòm) soumèt bay estaf distri a pou yo analize.

- Lekòl yo dwe fè sèten elèv ELL yo ak paran yo jwenn mwayen pou konprann klè, nan lang yo pi byen konprann nan, ki konpòtman lekòl la atann yo genyen ak konsekans ki gen kont sa. Anplis, pandan y ap travay sou Kòd Konduit pou Elèv la, administrasyon lekòl la dwe pran an konsiderasyon divès kalite diferans kiltirèl ki kab egziste pami divès elèv yo.

# Limit Kòd Konduit Elèv la

*Kòd Konduit pou Elèv la* fèt pou kab pwopoze yo yon seri repons apwopriye kòm koreksyon pou move konpòtman yo:

- Pwogrè akademik ki pòv pa gen rapò ak movèz konduit. Kidonk, *Kòd Konduit pou Elèv la* pa dwe sèvi pou disipline elèv akoz movèz pèfòmans oswa echèk akademik yo.
- Echèk yon paran ki pa kab sipòte pitit li kòmsadwa nan zafè lekòl li pa dwe konsidere kòm motif movèz konduit pou elèv sa a.
- *Kòd Konduit pou Elèv la* valab pou tout elèv yo. Men, disiplin pou elèv andikape yo dwe aplike daprè lwa leta lokal yo ak lwa federal.
- Nan travay ak Kòd Konduit pou Elèv la Administrasyon ak estaf anplwaye lekòl la dwe pran an konsiderasyon diferans kiltirèl ki kab parèt lakay elèv yo tou.

*Kòd Konduit pou Elèv la* valab pou aplike kont aksyon elèv la lè:

- Elèv yo ap rete tann bis lekòl k ap transpòte yo gratis swa pou ale oswa pou kite lekòl la.
- Elèv yo nan lekòl la.
- Elèv yo ap patisipe nan aktivite lekòl la òganize.
- Elèv yo gen yon konduit menm si se andeyò lakou lakòl la ki entewonp tout bon atmosfè travay lekòl la.

Nan efò pou kab aplike kòmsadwa metòd pou ankouraje bon konpòtman pozitif atravè lekòl la (SwPBS) ak pou kapab gen mwens tan enstriksyon ki pèdi, Distri lekòl rejyon Palm Beach la espere tout lekòl ap chèche eseye plizyè varyete estrateji korektiv pou ka disiplin yo. Pwofesè yo dwe itilize ak dokimante yon minimòm de (2) rechèch ki baze sou entèvansyon anvan yo ekri ak soumèt yon referans disiplin pou yon ofans minè. Men kèk egzanp yo bay anba a.

**Kèk egzanp entèvansyon pwofesè kab pran nan klas avan yo pran sanksyon disiplinè**

| *Estratej Korektiv* | *Deskripsyon* |
|---|---|
| **Ekskiz Restitisyon** | Elèv la dwe fè amand onorab ak rachte li pou konpòtman negatif li te genyen an kote l ap pran responsabilite korije pwoblèm konpòtman l te kreye a atravè swa deklarasyon vèbal oswa ekri pou eksprime regrè li. |
| **Prezante li lè l rive/lè l ap kite lekòl la** | Kontak kotidyen ak yon granmoun sou lakou lekòl la. Elèv la dwe wè ak moun sa a chak jou lè li vin lekòl la ni avan l al nan klas ni lè lekòl la lage. |
| **Reyinyon ak paran (yo)** | Pwofesè a kominike ak paran elèv la swa nan telefòn, nan imèl, biyè ekri oswa an pèsòn konsènan pwoblèm nan. |
| **Reyinyon ak elèv la** | Pase tan an prive ak elèv la pou diskite ki solisyon oswa entèvansyon ki kab fèt pou konpòtman an. Sa kab enkli esplikasyon dirèk sou konpòtman ki swetab oswa y ap atann kay elèv la. |
| **Travay kòm piniyson Restitisyon** | Elèv la gen pou akonpli yon tach travay kòm reparasyon pou aksyon negatif li te komèt la ak manifeste volonte pou pa rekòmanse menm move aksyon an ankò. (tankou fè netwayaj, ede yon lòt moun). |
| **Retni** | Prezans obligatwa sou siveyans pandan yon sèten peryòd tan, jeneralman pandan 1 èdtan aprè lekòl lage, pandan rekreyasyon oswa lè samdi. |
| **Plan Adomisil / Lekòl la** | Paran (yo) ak pwofesè a antann yo sou yon metòd ki konsistan. Plan an ta dwe koresponn ak pratik ki rekòmande nan SwPBS, avèk aksan sou ansèyman ak rekonpans ki bay pou konpòtman ki apwopriye yo ak yon metòd santans ki konsistan parapò ak pwoblèm move konpòtman yo. Paran (yo) ak pwofesè a sipoze esplike plan adomisil/lekòl la bay elèv la, si nesesè. |
| **Pinisyon nan klas** | Konsekans predetèmine akoz vyolasyon regleman konduit nan klas pandan yon ti tan (senk minit oswa mwens, jeneralman izole ak rès gwoup la, men andedan klas la) oswa mete l deyò nan klas ak lòt mwayen ranfòsman (pou bay elèv la tan pou reflechi sou move konpòtman li an). |
| **Konseye** | Yon granmoun oswa yon elèv yo asepte chwazi kòm modèl pou gide, ankouraje, oryante, konseye ak ede yon elèv ki bezwen gade sou yon moun kòm modèl pozitif. |
| **Pinisyon aprè klas** | Elèv la afekte nan yon lòt anviwònman sou siveyans pandan yon sèten peryòd tan (tankou nan yon lòt klas), ki lejèman pi long pase tan klas la dire (pandan 30 minit oswa mwens). Elèv la sipoze konfòme li ak regleman yo ba li pandan tan eksklizyon an. Yo dwe anseye ak esplike elèv la kondisyon pinisyon sa a avan yo aplike yo. |
| **Pèt Privilèj** | Pèdi ensantiv ki te bay pou konpòtman pozitif yo (paegzanp, redui 5 minit anmwens sou konpitè). |
| **Devwa pou Reflechi** | Ede elèv la pran konsyans reyalize sa k fè konpòtman li an pa t bon ak mande li pou ekri yon redaksyon sou sa. |
| **Anseye/Reanseye konpòtman yo espere wè elèv yo genyen** | Anseye ak bay egzanp sou modèl konpòtman yo ta renmen elèv ki gen difikilte konfòme yo ak disiplin nan genyen. |
| **Akò alekri** | Elèv la, pwofesè a oswa paran an (yo) gen dwa fòmile yon dokiman pou eksprime entansyon elèv la genyen pou korije oswa anpeche pwoblèm konpòtman an rive ankò. Antant ki fèt alekri yo dwe redije sou yon ton pozitif ak mansyone motif ankourajman, men tou, yo gen dwa mansyone konsekans ki genyen pou movèz konduit yo tou. |

- Nenpòt devwa oswa fòm kominikasyon pou lakay li dwe ekri nan yon lang paran ak elèv kapab konprann klè.

**Prevansyon Administrativ ak Entèvansyon Rapid**

Avan yon elèv resevwa yon sispansyon, administratè lekòl la dwe fè sèten elèv la te resevwa de avètisman kòm entèvansyon ki te adrese pwoblèm move konpòtman li an. Entèvansyon sa yo dwe DOKIMANTE. Sèl eksepsyon ki gen pou sa se nan ka si ta gen yon seri dezòd, ki pi grav (Nivo 3 ak Nivo 4), ki rive kote pa gen okenn chans pou te fè entèvansyon prevantiv.

| *Estrateji Korektiv* | *DESKRIPSYON* |
|---|---|
| **Siyen akò konpòtman** | Fè antant ak elèv la pou siyen yon akò oswa plan vèbal/alekri kote kondisyon yo, objektif yo oswa rezilta yo mansyone klè pou elèv la kab devlope konpòtman ki nesesè pou korije ensidan ki te pase a. |
| **Sèvis kominotè** | Elèv la bay tan sèvis nan fè travay oswa aktivite ki nan avantaj kominote a oswa enstitisyon ki nan zòn nan. |
| **Reyinyon ak Paran (yo)** | Administratè lekòl la oswa pwofesè a kominike ak paran elèv la (yo) swa nan telefòn, nan imèl, biyè ekri oswa dirèkteman an pèsòn konsènan pwoblèm nan. |
| **Reyinyon ak elèv la** | Pase tan an prive ak elèv la pou diskite ak anvizaje entèvansyon/solisyon pou korije konpòtman an. Sa kab enkli ladan esplikasyon dirèk sou ki konpòtman oswa konduit egzat yo swete elèv la adopte. |
| **Rapò kotidyen / ebdomadè** | Yon bilten oswa fèy kontwòl devwa kote elèv la ak tout paran li kapab suiv ak kontwole pwogrè akademik ak evolisyon konpòtman li pandan chak klas li genyen pandan yon sèten peryòd tan. |
| **Retni** | Obligasyon pou elèv la rete sou kontwòl lekòl la pandan plis tan, jeneralman swa yon èdtan aprè lekòl fin lage, pandan rekreyasyon oswa lè samdi. |
| **Pèt privilèj (nan lè lekòl la)** | Pèt yon seri privilèj pandan lekòl la ap travay, tankou nan asanble, pwomnad oswa sòti angwoup ak lòt aktivite ankò. (Pèt privilèj pou pwomnad oswa sòti akademik ta dwe fèt sèlman pou rezon sekirite.) |
| **Konseye** | Yon granmoun oswa yon elèv yo asepte chwazi kòm modèl pou gide, ankouraje, oryante, konseye ak ede yon elèv ki bezwen gade sou yon moun kòm modèl pozitif. |
| **Fè Paran/Responsab la suiv klas ansanm ak elèv la** | Paran/Responsab la dakò pou siveye timoun nan ak/oswa suiv timoun nan klas li pandan yon sèten tan nan jou lekòl pitit la. |
| **Reyinyon pou Plan (IEP, LEP, 504)** | Rekòmande elèv la bay depatman/ekip apwopriye ki pou etidye sitiyasyon li ak devlope yon metòd apwòch kòm aksyon/entèvansyon ki dwe pran sou ka li. |
| **Rekòmande seyans medyasyon ak yon administratè** | Rekòmandasyon pou seyans medyasyon bay yon administratè lekòl la pou pale sou sa ak li konsènan ensidan an. |

| | |
|---|---|
| **Rekòmande seyans medyasyon ak yon kondisip** | Rekòmandasyon pou seyans medyasyon bay yon kondisip pou pale sou sa ak li konsènan ensidan an. |
| **Rekòmande seyans travay ak yon ekip nan lekòl la** | Rekòmandasyon bay ekip ki baze nan lekòl la pou entèvansyon ki posib. |
| **Refere bay biwo konseye lekòl la** | Konseye pedagojik la bay elèv la konsèy pou ede li devlope oswa itilize aptitid nesesè pou konfwonte ensidan an. |
| **Reparasyon jistis** | Yon metòd byen estriktire sou direksyon yon fasilitatè kalifye kote patisipan ki te enplike nan ensidan yo ap egzamine konsekans ni entansyonèl ni envolontè aksyon yo te komèt yo lakoz ak deside sou ki solisyon entèpèsonèl yo kab kontribiye pou repare tò yo ak retabli amoni nan relasyon yo. |
| **Chanjman orè (chanje orè klas regilye yo)** | Chanjman pèmanan nan orè klas oswa pwogram etid elèv la. |
| **Travay sèvis nan lekòl la (lè lekòl la ap fonksyone)** | Elèv la travay pou ede nenpòt anplwaye manb pèsonèl lekòl la pandan lekòl la ap fonksyone, èd sa a kapab se pou netwaye lakou oswa koulwa lekòl la. |
| **Manje san pale / Retni nan rekreyasyon** | Yon kote separe ak/oswa deziyasyon yon plas byen detèmine pou elèv la chita pandan yon peryòd lè rekreyasyon ki tabli regilyèman pou li. Anplis administratè a gen dwa mande li ede fè netwayaj nan kafeterya a, swa pou bale, siye tab ak/oswa fè lòt aktivite netwayaj. |
| **Chanje klas pwovizwaman (akoutèm)** | Retire elèv la pwovbizwaman nan klas regilye li pou mete li nan yon lòt klas. Elèv la ap jwenn chans pou fi fè devwa li te gen tan genyen nan klas nòmal li pandan li nan nouvo aranjman klas yo fè pou li a. |
| **Kite klas la pwovizwaman** | Retire elèv la pwovizwaman nan klas nòmal li yo pou mete li nan yon lòt klas separe kote pou l etidye pou kont li pandan yon brèf peryòd tan. |
| **Restitisyon volontè / Inisyativ pèsonèl** | Elèv la asepte fè amand onorab pou movèz aksyon li te komèt la ak pran angajman pou korije pwoblèm nan atravè eskiz li prezante swa aloral swa alekri. |

- Nenpòt devwa oswa fòm kominikasyon pou lakay li dwe ekri nan yon lang paran ak elèv kapab konprann klè.

# Règleman sou Izaj Medya Sosyal

Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la (PBCPS) reyalize yon pati nan aprantisaj 21yèm syèk la se adaptasyon ak chanjman metòd kominikasyon. Enpòtans pwofesè, angajman elèv ak paran, kolaborasyon, aprantisaj, ak pataje anviwònman dijital sa yo se yon pati nan aprantisaj 21yèm syèk la. Nan ka sa a, estanda edikatif yo mande pou moun itilize materyèl edikatif sou entènèt pou demontre konpetans. Pou adrese pwoblèm ki gen rapò ak sa, PBCSD te devlope yon seri règleman pou bay elèv ak kominote distri lekòl la direksyon lè y ap patisipe nan aktivite medya sosyal sou entènèt.

Medya Sosyal refere a itilizasyon sou baz entènèt ak teknoloji mobil ki pèmèt pati entèn ak ekstèn nan lekòl piblik rejyon Palm Beach pou konekte, kolabore, ak fòme kominote vityèl atravè òdinatè ak/oswa entènèt. Pou kèk moun, medya sosyal yo itilize pou rezon sosyal; men pou lòt moun, yo itilize sit entènèt ak teknoloji sa yo kòm zouti pou anseye epi konekte ak kominote a. Premye amandman an, an jeneral, pwoteje dwa endividi a pou patisipe nan aktivite medya sosyal. Sepandan, lalwa ak tribinal òdone lekòl kapab disipline elèv ak manm estaf si pawòl yo di sa enkli materyèl yo poste lè yo pa sou kanpis la, materyèlman ak sibstansyèlman deranje operasyon lekòl la, rezonableman ta sanble yon deranjman materyèl ak sibstansyèl lekòl la, konstitye kòm yon vyolasyon kèk lwa federal oswa eta oswa Komite Distri Lekòl la ki enpòtan.

Paske medya sosyal yo konekte ak odyans ki pi lwen pase kominote a epi kapab kreye enpresyon ki dire lontan, elèv yo dwe pran tout responsablite lè y ap itilize sit entènèt medya sosyal yo epi responsab pou desizyon yo pran. Elèv yo pa ta dwe poste oswa lye anyen ak sit entènèt rezo sosyal yo kote yo pa ta renmen kondisip yo, pwofesè yo, dirijan admisyon nan inivèsite yo, oswa anplwayè alavni yo wè. Elèv yo ta dwe fè sèten yo kontwole aksè nan kont prive yo kreye a, pa janm pataje enfòmasyon pèsonèl yo ak pati yo pa konnen sou sit entènèt ki san sekirite epi pwoteje modpas ki itilize sou sit entènèt yo.

Nou dwe evite reprezante idantite yon lòt moun mal. Elèv yo dwe sonje pou yo respekte lòt moun. Lè w ap reponn yon lòt moun kote ou pa dakò, fè sèten kritik la konstriktif epi li pa blesan. Fè atansyon ak langaj pwofàn, obsèn, oswa menasan.

Si itilizasyon oswa postaj nan yon sit entènèt medya sosyal kreye yon twoub sibstansyèl ak materyèl nan yon lekòl, kèlkeswa lè ak kote li te ye lè postaj la t ap fèt, elèv la ap sibi yon sanksyon estanda pou move konpòtman li dapre sa ki ekri nan Kòd Konduit Elèv la.

# Direktiv sou Disiplin

Gid sou Disiplin nan se yon enstriman dirijan yo genyen pou reponn kòm sa dwa lè elèv yo komèt kèk enfraksyon disiplinè, dapre *Kòd Konduit Elèv la.* Ekipman sa a prepare pou ofri konsistans nan tout nivo atravè Distri a yon fason pou disipline elèv yo ekitableman soti nan yon lekòl ak yon lòt lè konpòtman egzije disiplin andeyò klas.

Gid sou Disiplin nan pa aplike nan jesyon klas dapre jan pwofesè mande l, men okontrè kòm yon etap pwogresif lè yon elèv vyole lwa ki mande pou yon direktè/tris ak/oswa reprezantan l pou enpoze kèk konsekans. Kèk vyolasyon nan lwa yo tankou posesyon zam, agresyon, asèlman seksyèl, egzije aksyon inisyal administrativ tousuit.

Gid sou Disiplin nan prepare pou asiste w ak pitit ou a nan konpreyansyon konsekans yo nan lè gen vyolasyon lwa yo lekòl la. Pandan gen pi fò paran ki pa p bezwen familye ak gid sou disiplin, Komite Administratif ak Distri a vle asire pou paran yo okouran sou aksyon dirijan yo nan lekòl la lè elèv yo mal konpòte yo. GID sou DISIPLIN nan pèmèt dirijan yo bay pinisyon yo, nan kèlkeswa lekòl pitit ou a ye. Lè yon elèv gen miltip vyolasyon nan yon sèl ensidan, tankou goumen avèk yon zam, dirijan an ap enpoze konsekans ki pi sevè yo.

Lwa (SB 7026) pou Sekirite Lekòl Piblik Segondè *Marjory Stoneman Douglas* ekzije yon rekòmandasyon pou sèvis sante mantal ki obligatwa pou tout elèv ki komèt enfraksyon ki pral site la yo: (1)nenpòt elèv ki detèmine menase oswa fè yon fo temwayaj; (2) pote yon revolvè oswa zam; (3) nenpòt moun ki fè, afiche, oswa voye fè yon menas alekri oswa lòt anrejistreman, enkli anrejistreman elektwonik, pou komèt fiziyad an mas oswa yon aksyon teworis, sou nenpòt manyè ki ta pèmèt yon lòt moun temwen menas la. Anplis, rekòmandasyon pou sèvis sante mantal ap obligatwa pou nenpòt elèv yo rekòmande pou ekspilsyon.

Menmjan avèk *Kòd Konduit pou Elèv* la, avoka distri a revize GID la chak ane, enkli paran, pwofesè, administratè, konseye, ak lòt reprezantan kominotè yo.

Ensidan ‘’Discipline Referral’’ yo nan Rejyon Palm Beach la klasifye kòm enfraksyon Nivo 1, Nivo 2, Nivo 3 oswa Nivo 4. Lè gen yon desizyon sou ki aksyon disiplinè k ap pran, direktè/tris oswa moun ki li deziye a ap konsidere laj elèv la, eksepsyonalite l, estati ELL li, konduit pase li, entansyon l, ak gravite ensidan an.

Yo mande dirijan yo pou pwodige disiplin nan yon fason pwogresiv. Prensip ki mansyone la yo se pou itilize aksyon ki mwen sevè a men ki apwopriye pou movè konpòtman an. Dirijan yo kapab ogmante severite konsekans la si movè konpòtman an kontinye.

# Nivo En (1)

| **Konpòtman** | **Degre Estrateji Korektiv yo Avan Enpozisyon Disiplin** | **Degre Aksyon sou Disiplin yo** |
|---|---|---|
| Ensidan Nivo 1 yo se konpòtman ki twouble fonksyònman nòmal nan klas, lekòl, transpò oswa lòt aktivite ki andeyò kourikoulòm yo<br><br>**ENSIDAN NIVO 1**<br>➢ Reta, Abityèl<br>➢ Vagabondaj/absans san eksplikasyon<br>➢ Andeyò zòn li sipoze ye<br>➢ Kite lekòl la san pèmisyon<br>➢ Vyolasyon Kòd sou Abiman<br>➢ Fè karès an piblik<br>➢ Triche<br>➢ Pa respekte prensip lekòl yo<br>➢ Vyolasyon prensip otobis yo<br>➢ Mal itilize òdinatè/teknoloji (ka minè)<br>➢ Asèlman *<br>➢ Jwèt oswa konpòtman destriktif (twoublan)<br>➢ Langaj ensiltan<br>➢ Belijeran *<br>➢ Konfwontasyon<br>➢ Mansonj/Misrepresentation<br>➢ Vyolasyon Telefòn pòtab/Teknoloji<br>➢ Objè entèdi izaj medikaman san pèmisyon<br>➢ Vant oswa distribisyon/materyèl ki pa otorize<br>➢ Aktivite inapwopriye<br>➢ Dezobeyisans/Ensibòdinasyon<br><br>***Rekòmandasyon bay Ekip nan Lekòl la Obligatwa** | ➢ Revize Matris Atant yo<br>➢ Re-anseye konduit<br>➢ Antrènman<br>➢ Devway Reflektif<br>➢ Lèt Eskiz | Direktè/tris oswa reprezantan l <u>**kapab**</u> chwazi pou pi piti youn nan aksyon ki pi ba yo nan Nivo 1 an. Direktè/tris yo kapab otorize desizyon ki nan Nivo 2 yo pou ensidan ki repetitif, serye, oswa abityèl yo.<br><br>**Responsablite Administrativ**<br>➢ Kontakte Paran/Responsab **(M)**<br>➢ Konferans avèk Elèv **(M)**<br><br>**AKSYON NIVO 1 YO**<br>➢ Konferans ak Paran yo<br>➢ Rekòmandasyon bay Konseye Lekòl la<br>➢ Rekòmandasyon pou Medyasyon an Gwoup Rekòmandasyon pou Medyasyon Administrativ<br>➢ Antant sou Konpòtman<br>➢ Plan Reyinyon (IEP, 504, LEP)<br>➢ Rapò chak Jou/chak Semèn<br>➢ Chanjman Orè<br>➢ Paran Responsab vin lekòl ak pitit li<br>➢ Restitisyon Volontè<br>➢ Chita onsèl kote nan Otobis<br>➢ Repa midi sèl/Retni repa midi<br>➢ Retni apre lekòl<br>➢ Retni pwolonje oswa miltip Retni nan lekòl samdi<br>➢ Konfiskasyon<br>➢ Rezoud Konfli<br>➢ Sipèvizyon<br>➢ Rekòmandasyon bay Ajans Deyò<br><br>**M = Mandatory (obligatwa)** |

# Nivo De (2)

| Konpòtman | Responsablite Administrativ | Degre Aksyon sou Disiplin yo |
|---|---|---|
| Ensidan Nivo 2 yo pi grav pase sa ki nan Nivo 1 yo. Konpòtman sa yo entèfere anpil avèk pwosesis aprantisaj ak/oswa byennèt lòt moun.<br><br>**ENSIDAN NIVO 2 YO**<br><br>➢ Asèlman repetitif *<br>➢ Pwoblèm nan Otobis<br>➢ Ekspresyon pwofàn oswa Obsèn<br>➢ Menas, non kriminèl *<br>➢ Agresyon fizik *<br>➢ Konpòtman Repetitif ki twoublan *<br>➢ Dezobeyisans repetitiv<br>➢ Belijerans repetitiv *<br>➢ Nuizans *<br>➢ Vandaliz <1000<br>➢ Ti vòl oswa vòl <300<br>➢ Posesyon pwodui an tabak ** (enkli Tabak an Vapè<br>➢ Pinisyon ki pa-egzekite (Regilye)<br>➢ Pinisyon ki pa egzekite (Samdi)<br>➢ Fedatifis/Peta *<br>➢ Fòje dokiman/siyati<br>➢ Jwèt aza *<br>➢ Asèlman seksyèl *<br>➢ Deklarasyon menasan, ki pa kriminèl *<br>➢ Aktivite ki pa apwopriye repetitiv/Sevè *<br><br>***Rekòmandasyon bay Ekip nan lekòl la Obligatwa** | ➢ Envestigasyon<br>➢ Deklarasyon temwen yo<br><br>**Degre Estrateji Korektiv avan Disiplin Administratif**<br><br>➢ Envestigasyon<br>➢ Deklarasyon Temwen yo<br>➢ Revizyon Matrix atant yo<br>➢ Antrènman<br>➢ Responsablite reflektif<br>➢ Lèt ekskiz<br>➢ tyeke antre – tyeke soti<br>➢ Jistis restoratif<br>➢ Efè domino<br>➢ Plan pou pwoteksyon viktim<br>➢ Akò pou rete adistans | Kote sa apwopriye direktè/tris oswa moun deziye a dwe aplike disiplin yon fason pwogresiv.<br>Direktè/tris oswa moun deziye yo <u>**kapab**</u> seleksyone youn nan estrateji yo ki nan Nivo 1 an, ansanm avèk yon aksyon nan Nivo 2 a.<br><br>**Responsablite Administrativ**<br><br>➢ Kontakte Paran/Responsab **(M)**<br>➢ Konferans avèk elèv **(M)**<br><br>**AKSYON NIVO 2 YO**<br><br>➢ Medyasyon<br>➢ Antant sou Konpòtman Plan reyinyon (IEP, 504, LEP)<br>➢ Rapò kotidyen ebdomadè<br>➢ Restitisyon volontè<br>➢ Jistis restorativ<br>➢ Sèvis kominotè<br>➢ Pèt privilèj<br>➢ Konfiskasyon<br>➢ Entèvansyon nan lekòl<br>➢ Sispansyon nan lekòl<br>➢ Jou pou pase an retni<br>➢ Pwogram altènatif pou tabak **<br>➢ Sispansyon nan otobis<br>➢ Sispansyon andeyò lekòl pou 1-3 jou<br>** 1ye Ofans – Konferans ak paran, Pinisyon apre Lekòl, Refere nan Ofis Konseye Akademik<br><br>** 2yèm Ofans – Konferans ak paran, 1 jou OSS, Materyèl pou Konsèy<br><br>**3yèm Ofans – 5 jou OSS/3 sispansyon pou patisipe nan pwogram alkòl lòt dwòg (AOD)<br><br>**M = Mandatory (obligatwa)** |

# Nivo Twa (3)

| Konpòtman | Responsablite Administrativ | Degre Aksyon sou Disiplin yo |
|---|---|---|
| Ensidan Nivo 3 yo pi grav pase sa ki nan Nivo 2 yo. Konpòtman sa yo koze twoub konsiderab ak pwosesis aprantisaj la. Ensidan sa yo koz enkyetid pou sante ak/oswa domaj nan pwopriyete lekòl.<br><br>**ENSIDAN NIVO 3 YO**<br>➢ Goumen<br>➢ Agresyon vèbal sou elèv/lòt moun<br>➢ Agresyon vèbal sou anplwaye distri lekòl la<br>➢ Agresyon fizik sou yon elèv/ moun (ki pa anplwaye distri a)<br>➢ Ekstòsyon /Chantaj/Kontrent<br>➢ Vòl<br>➢ Agresyon fizik sou anplwaye distri a<br>➢ Vòl >300<br>➢ Vandalize >1000<br>➢ Kraze ak antre pa fòs / vòle<br>➢ Move izaj teknoloji/konpitè (Majè)<br>➢ Kondi machin mal<br>➢ Vòle machin /bagay nan machin<br>➢ Dokiman fòje oswa fwodile<br>➢ Agresyon Seksyèl<br>➢ Izaj/posesyon/kenbe preskripsyon medikaman ki pa otorize ***<br>➢ Izaj entoksikan ***<br>➢ Alkòl ***<br>➢ Dwòg parafènalya ***<br>➢ Dwòg/Imitasyon Dwòg reprezante kòm dwog (posesyon/izaj/antrepo) ***<br>➢ Twoub nan yon lekòl<br>➢ Pasaj entèdi<br>➢ Fos alèt ensandi/apèl 911<br>➢ Menas bonm ****<br>➢ Konduit Endesan, oswa aksyon obsèn<br>➢ Enkonduit seksyèl<br>➢ Posesyon kanif oswa lòt atik potansyèlman danjre **MHR** | ➢ Envestige **(M)**<br>➢ Deklarasyon temwen yo (**M**)<br>➢ Enfòme polis lekòl la **(M)**<br>➢ Rekòmandasyon bay Ekip nan Lekòl la **(M)**<br>➢ **MHR**=Rekòmandasyon pou Sèvis Sante Mantal | Direktè/tris oswa moun deziye a **<u>dwe</u>** seleksyon omwen youn nan Aksyon non obligatwa nan Nivo 3 a.<br><br>**Responsablite Administrativ yo**<br>➢ Kontakte paran/responsab **(M)**<br>➢ Konferans elèv **(M)**<br><br>**AKSYON NIVO 3 YO**<br>➢ Konfiskasyon (lè sa aplikab)<br>➢ Jistis Restorativ<br>➢ Sèvis Kominotè<br>➢ Pèt aktivite ekstra kourikoula<br>➢ Sispansyon nan lekòl<br>➢ Jou pou pase an retni<br>➢ Sispansyon nan lekòl 1-5 jou<br>➢ Rekòmande pou ekspilsyon ****<br><br>**Ofans nan Alkòl oswa Lòt Dwòg (AOD)**<br><br>*** 1ye Ofans – 5 jou OSS/3 sispansyon epi patisipe nan yon pwogram alkòl distri a apwouve oswa lòt pwogram pou konbat dwòg<br><br>*** Ofans repete nan alkòl oswa lòt dwòg – 10 jou OSS/5 sispansyon pou patisipe nan pwogram alkòl ak lòt dwòg<br><br>Direktè/tris yo kapab fè demand pou monte yon komite pou evalyasyon disiplin pou nenpòt enfraksyon ki gen yon nati inik.<br><br>**M= Mandatory *(Obligatwa)*** |

# Nivo Kat (4)

| Konpòtman | Responsablite Administrativ | Konsekans Disiplin yo |
|---|---|---|
| Konpòtman sa yo se yo ki pi grav nan nan tout movèz konduit elèv epi ki menase lavi<br><br>****MHR pou tout ensidan nivo 4<br><br>**ENSIDAN NIVO 4 YO**<br><br>➢ Menas vyolans iminan, Nivo ki wo ****<br>➢ Tantativ aksyon kriminèl kont yon moun ****<br>➢ Posesyon yon zamafe ****<br>➢ Posesyon yon revolvè ****<br>➢ Posesyon, izaj, vant, antrepo, oswa distribisyon yon objè eksplozif ****<br>➢ Vant, entansyon pou vann, oswa distribisyon dwòg, imitasyon dwòg, imitasyon dwòg ki reprezante kòm dwòg, oswa preskripsyon medikaman ****<br>➢ Agresyon grav ****<br>➢ Frape oswa bat yon elèv/moun sevèman (anplwaye ki pa nan distri a) ****<br>➢ Vòl amen ame****<br>➢ Frape oswa bat yon anplwaye distri a sevèman ****<br>➢ Agresyon seksyèl ****<br>➢ Kaptire, oswa anlve ****<br>➢ Mete Dife****<br>➢ Menas Bonm****<br>➢ Afiche/Transmèt menas sou Lamas Tire oswa Teworize****<br>➢ Omisid **** | **Administrativ**<br><br>➢ Envestigate **(M)**<br>➢ Deklarasyon Temwen yo **(M)**<br>➢ Enfòme Biwo Rejyonal **(M)**<br>➢ Enfòme *Safe Schools* **(M)**<br>➢ Enfòme Polis Lekòl **(M)**<br>➢ **MHR=**Rekòmandasyon pou Sèvis Sante Mantal | Direktè/tris oswa moun deziye yo **<u>dwe</u>** itilize aksyon Nivo 4 pi ba yo<br><br>**AKSYON NIVO 4 YO**<br><br>➢ Kontakte paran/responsab la **(M)**<br>➢ Konferans elèk **(M)**<br>➢ Konfiskasyon (si sa aplikab) **(M)**<br>➢ Sispansyon pou pa vin lekòl pou 10 jou **(M)**<br>➢ Rekòmandasyon pou Ekxpilsyon**** (M)<br><br>Direktè/tris yo kapab fè demand pou monte yon komite pou evalyasyon disiplin pou nenpòt enfraksyon ki gen yon nati inik.<br><br>**M= Mandatory (obligatwa)** |

# Sanksyon Distri a Enpoze

Sanksyon lekòl yo kapab rekòmande men se sèlman estaf Distri a ki kapab enpoze

**Ekspilsyon Tanporè Plasman Altènatif**
Yon rekòmandasyon distri a fè pou yon ekspilsyon tanporè pou ale nan lekòl altènatif. *(Remak: Sa a pi sanble ak yon chanjman plas olye yon kantite jou).*

**Rekòmandasyon pou pwogram espesyal/ Lekòl Altènatif/ Pwogram Altènatif (Distri-plase)**
Rekòmandasyon distri a fè pou ale nan lekòl altènatif pou yon peryòd tan byen detèmine. (Daprè règleman 8.13 Komite Dirijan Lekòl la).

**Ekspilsyon**
Anlèvman dwa ak obligasyon yon elèv genyen pou li ale nan lekòl piblik anba kondisyon komite dirijan lekòl la tabli ak yon peryòd tan ki pa depase rès tan tèm nan oswa ane eskolè a plis yon lòt ane. Yo kapab enpoze ekspilsyon avèk oswa san sèvis edikatif kontinyèl epi y ap rapòte li nòmalman kòmsadwa. F. S. § 1003.01(6).

**Sispansyon Pou Ensidan Feloni**
Yo dwe itilize kòd ensidan sa a pou elèv yo te mete deyò pou feloni daprè lwa F.S. § 1006.09(2) ak SBER 6A-1.0956, epi yo rekòmande pou yo ale nan yon pwogram altènatif jiskaske elèv la ajiste li. Si yo jwenn elèv la koupab, direktè/tris la kapab rekòmande ekspilsyon.

**Jan yon Lòt Distri onore yon ekspilsyon**
Distri Lekòl Rejyon Palm Beach ap onore ekspilsyon yon lòt distri lekòl te enpoze si se yon ofans ki te merite ekspilsyon nan Rejyon Palm Beach.

**IAES** – Tablisman Edikasyon Altènativ pa Enterim pou yon elèv ESE ki rive jiska karant senk (45) jou kalandriye san konsantman paran pou:

a. Posesyon zam danjere nan lekòl oswa kote lekòl ap fonksyone; oswa
b. Posesyon, itilizasyon, vant oswa solisitasyon yon sibstans ki kontwole moun pandan ou lekòl oswa kote lekòl ap fonksyone; oswa
c. Zam ki kapab fè gwo dega

**Sispansyon alontèm (Akseptasyon ak entegrasyon Distri) –** F.S. § 1006.09(1) (b) Bay sipèentandan an pèmisyon pou li pwoloje yon sispansyon a plis pase 10 jou lekòl si yo te rekòmande pou yo ekspilse elèv la.

**Rekòmandasyon ak yon tribinal oswa autorite jivenil yo** - Yon rekòmandasyon ki egzije lòt kalite aksyon sou elèv pou nenpòt rezon swa pou voye yo nan tribunal oswa refere yo bay otorite jivenil yo.

# Otorizasyon pou Sispansyon

Sispansyon yon elèv nan lekòl poutèt li komèt youn nan enfraksyon ki jistifye sispansyon an daprè Kòd Konduit sou Konpòtman Elèv nan Rejyon Palm Beach ap aplikab sèlman si ofans la gen rapò ak aktivite lekòl oswa prezans lekòl.

Ofans sa yo kapab rive nenpòt moman, tankou paegzanp, men pa sèlman sa, pandan elèv la sou lakou lekòl; lè li nan otobis lekòl oswa pandan lekòl la ap òganize yon aktivite. Yo kapab bay sispansyon pou pa monte otobis tou lè gen dezòd oswa enfraksyon ki fèt andedan machin transpò lekòl la. Se SÈLMAN sispansyon pou ofans nivo 3 ak nivo 4 yo ki kapab kontinye oswa pwolonje soti nan yon ane eskolè rive nan yon lòt.

Nenpòt lè yon lekòl ta sispann yon elèv pou yon total **dis (10)** jou lekòl pandan ane eskolè a, lekòl la dwe enfòme biwo Sipèentandan/t rejyonal la ak refere elèv la bay ekip ki baze nan lekòl la pou diskisyon nesesè ak entèvansyon posib.

Sispansyon enfòmèl (sa vle di: mande paran an pou kenbe timoun nan lakay sou siveyans paran an oswa voye elèv la lakay li san reyinyon oswa san dokimantasyon ofisyèl) se yon vyolasyon lwa sou lekòl obligatwa nan Eta Florid, Lwa sou Edikasyon pou moun ki andikap (IDEA) ak regleman Distri a. Sa entèdi.

# Pwosesis Apèl pou Sispansyon

Direktè/tris la ap avize paran oswa responsab yo, nan lang natifnatal yo, sou pwosedi apèl pou yon sispansyon pou pa vin lekòl. Apèl la dwe fèt an premye ak direktè/tris lekòl la. Direktè/tris lekòl la dwe pran yon desizyon nan 24 èdtan apre li fin jwenn resi apèl la. Si paran yo pa dakò ak desizyon direktè/tris la yo kapab fè apèl ak Sipèentandan zòn nan oswa responsab la. Reyinyon an ap fèt tousuit apre demand paran an; pandan peryòd apèl la, sispansyon an rete annefè pou tout tan yo endike l la.

Rezilta apèl yo kapab gen ladan yo, man pa sèlman sa:

1. Kenbe sispansyon an nan tout aspè li.
2. Modififye penalite ki enpoze yo.
3. Anile sispansyon an epi retire sispansyon an nan dosye elèv la.

Paran yo dwe resevwa notifikasyon sou desizyon apèl la.

# Disiplin pou Elèv ki nan IDEA

1. **Lwa ak Prensip**
   a. Se lwa ak règleman federal ki pase nan kad Lwa sou edikasyon pou moun ki gen andikap yo (abreje "IDEA" ann anglè) ansanm ak lwa nan Eta Florid ak règleman Konsèy Administrasyon Depatman Edikasyon Eta a ki reji regleman disiplin pou tout elèv ki gen Andikap yo (abreje ESE an anglè).

   b. Si distri a konnen oswa dwe konnen yon elèv kapab kalifye pou resevwa yon ansèyman espesyal ak lòt sèvis edikatif men li pa t ankò detèmine si elèv sa a kalifye, elèv sa a kab revandike tout oswa nenpòt nan pwoteksyon ki deklare nan règleman sa a.

2. **Sispansyon**

   a. Sispansyon vle di ranvwa tanporè elèv la pou pa vini nan klas li ni lekòl la, ni nan okenn lòt aktivite lekòl la ap fè pandan yon peryòd ki pa dwe depase plis pase dis (10) jou suivi suivi lekòl nan yon ane. Pou nenpòt ranvwa lakay, menmsi dosye pou yon ranvwa fòmèl pako fini oswa konplete, yo dwe toujou konte 10 jou a kanmenm. Tout jou yon elèv ki andikape pase andeyò lekòl la kòm rezilta aksyon yo pran kont li, fòmèl oswa enfòmèl, aplike nan limit 10 jou a.

   b. Yon direktè/tris lekòl oswa reprezantan li gen dwa retire yon elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad lwa IDEA pou jiska dis **(10) jou lekòl suivi suivi pou kalandriye anyèl** la pou enfraksyon disiplin.

   c. Avan yo konsidere sispansyon an, lekòl la te dwe fè ak dokimante tout tantativ rezonab pou itilize mwens altènativ ak/oswa entèvansyon restriktif ki ta kab diminye konpòtman endezirab ki pa apwopriye a.

   d. Yo pa oblije bay sèvis edikatif pandan dis (10) jou sa yo.

   e. Si yo arete yon elèv ESE sou lakou lekòl la **ak** ranvwaye li, jou sa yo konte nan di (10) jou akimile yo ba yo pou chak ane akademik.

   f. Ekip IEP a dwe reyini pa pita pase dizyèm (10[yèm]) jou sispansyon kimilatif la pou:

      i. Detèmine si konpòtman elèv la se yon rezilta oswa yon manifestasyon andikap la.

      ii. Kòmanse yon FBA oswa reyegzamine FBA aktyèl elèv la ak plan entèvansyon

      iii. Si konpòtman an se yon rezilta andikap elèv la, revize plan IEP elèv la. Pou konpòtman an.

   g. Revizyon Detèminasyon Manifestasyon an (MDR) dwe fè pati reyinyon IEP a.

i. Lè y ap fè yon detèminasyon manifestasyon, distri a, paran an ak manb konpetan nan ekip la dwe revize ak pran an konsiderasyon pwogram aktyèl elèv la ak istwa ka a; sa enkli tout enfòmasyon enpòtan nan vi elèv la, plan akomodasyon elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè ak nenpòt enfòmasyon enpòtan paran yo bay.

ii. Ansuit, ekip la dwe detèmine: (a) Si konduit la se rezilta oswa gen yon relasyon dirèk e sibstansyèl ak andikap elèv la; oswa (b) Si konduit la se te rezilta dirèk akoz yo pa t aplike IEP a. Yon konsansis ant manb ekip la dwe kreye detèminasyon sa yo epi detèminasyon konsa ap baze sou revizyon enfòmasyon ekip la. Si swa (a) oubyen (b) aplikab, y ap detèmine konduit la se manifestasyon andikap elèv la.

h. Yo dwe envite paran legal/responsab elèv la pou li patisipe kòm yon manb nan ekip IEP a epi direktè/tris la oswa reprezantan li dwe pran etap ki rezonab pou fè sèten youn oswa toude paran timoun ki gen andikap la prezan nan reyinyon an oswa te jwenn privilèj pou patisipe; sa enkli pwograme reyinyon an pou yon lè ak yon plas tout moun dakò. Si pa gen youn nan paran yo ki kapab vini nan reyinyon an, direktè/tris oswa reprezantan li dwe itilize lòt metòd pou asire gen patisipasyon paran; sa enkli apèl endividyèl oswa an gwoup. Paran legal la/responsab la dwe resevwa yon kopi sovgad pou pwosedi yo (papye ki eksplike dwa paran an).

i. Yon lekòl pa kapab fè yon reyinyon paran obligatwa pazavan yon elèv ESE retounen nan lekòl la aprè li te sou sispansyon. Yo kapab sigjere yon reyinyon men elèv la gen dwa pou li jwenn edikasyon anba prensip EDEA a aprè dis (10) jou akimile pou ane eskolè a menmsi paran an pa vini nan reyinyon an.

j. Si konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li, eki IEP a dwe fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl epi aplike yon plan sipò konpòtman ki genyen ladan li pwovizyon Sipò Entèvansyon Konpòtman Pozitif si yon tèl evalyasyon pou konduit pa t konplete avan konpòtman an. Si li te devlope yon plan sipò konpòtman, komite a dwe revize IEP a, modifye li, si nesesè, pou adrese konpòtman an ak enkli pwovizyon Entèvansyon Konpòtman Pozitif ak Sipò a *epi retounen plase elèv la kote li te soti a.* Anyen pa dwe konsidere kòm obstak pou anpèche ekip la pwopoze lòt plasman depi plasman an apwopriye epi li nan anviwònman ki pi restriktiv la.

k. Si ekip IEP a detèmine konpòtman elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a yo kapab ranvwaye elèv la menm jan yo anvwaye yon elèv ki pa kalifye pou sèvis anba IDEA a. Neyanmwen, yon tèl elèv dwe kontinye resevwa sèvis edikatif li pou yo kapab pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la byenke se sou yon lòt fòm; ak pou pwogrese nan akonpli objektif ki etabli nan IEP elèv la epi resevwa, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, yon sèvis entèvansyon konpòtman ak yon modifikasyon ki te fèt pou adrese vyolasyon konpòtman pou sa pa rive ankò.

3. **Sispansyon nan otobis**

   Sispansyon yon elèv ESE nan otobis dwe fè pati dis (10) jou akimile a si elèv la bezwen transpò pou li gen aksè ak FAPE (ki vle di opòtinite pou li travay sou objektif IEP li ak posibilite pou pwogrese kòmsadwa nan kourikoulòm jeneral la) epi pa gen yon lòt fason pou rive lekòl ki disponib.

4. **Sispansyon nan lekòl**

   a. Sispansyon lekòl se yon ranvwa tanporè yo egzèse sou yon elèv pou li pa suiv pwogram regilye lekòl la pandan yo plase li nan yon pwogram altènatif tankou sa ki nan règleman Florid, sou sipèviszyon komite distri a, ki pa dwe depase dis (10) jou lekòl.

   b. Yo dwe kontinye bay yon elèv sèvis nan plan IEP li a pandan li nan sispansyon nan lekòl la.

   c. Li entèdi pou ap plede retire yon elèv nan sal ESE/regilye li pandan li nan sispansyon nan lekòl la.

5. **Ekspilsyon**

   a. Ekspilsyon se anlèvman dwa ak obligasyon yon elèv genyen pou ale nan lekòl piblik anba kondisyon komite lekòl la etabli pou yon peryòd ki pa depase rès tèm nan oswa ane akademik la ak yon lòt ane prezans.
   b. Yo pa kapab konsidere ekspilsyon pou elèv ki kalifye anba sèvis IDEA paske sa ta konsidere kòm yon sispansyon sèvis pou peryòd tan sa a.

6. **Eksklizyon**

   a. Yon eksklizyon ESE se anlèvman dwa ak obligasyon yon elèv genyen pou ale nan lekòl piblik anba kondisyon komite lekòl la etabli pou yon peryòd ki pa depase rès tèm nan oswa ane akademik la ak lòt ane prezans, depi sepandan, sèvis edikatif apwopriye sa yo devlope atravè yon plan edikatif endividyèl (IEP) ap kontinye efektif atravè kèk lòt altènativ.

   b. Sèvis edikasyonèl la dwe pèmèt timoun nan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la kwake li nan yon lòt tablisman, epi fè pwogrè ki rezonab pou akonpli objektif ki etabli pou plan edikatif endividyèl timoun nan (IEP) epi enkli, jan sa apwopriye, yon evalyasyon konpòtman ki fonksyonèl, yon modifikasyon sèvis entèvansyon konpòtman ki la pou adrese konpòtman ki antrene vyolasyon pou sa pa rive ankò.

7. **Yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR)**.

   a. MDR se yon pwosesis ki pèmèt paran an ak lekòl la rankontre pou detèmine si elèv la sijè a chanjman disiplinè nan plasman pou konpòtman ki se yon manifestasyon andikap li genyen. Chak fwa yon elèv ki gen yon andikap sijè a yon chanjman disiplin pou plasman (sa vle di sispansyon ekspilsyon), distri lekòl la dwe fè yon MDR nan yon peryòd di (10) jou depi yo te pran desizyon pou retire elèv la nan lekòl la.

c. Si anvan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon, Ekip la detèmine yon FBA ki nesesè pou yon elèv ki gen yon andikap, Ekip la pral san pèdi tan kòmanse FBA a ak ranvwaye disiplin elèv la jiskaske FBA a ap finI fèt. Ekip la ap konsidere done yo te rasanble nan FBA a pou detèmine si konpòtman elèv la se/ te yon manifestasyon andikap la.

8. **Aksyon disiplinè pou Dwòg ak Zàm**

Yo kapab plase yon elèv ki gen andikap nan yon Anviwònman Edikatif Altènatif pa Enterim (Interim Alternative Educational Setting ("IAES) pou jiska karantsenk (45) jou kalandriye san konsantman paran pou:

Posesyon zam ki danjere nan lekòl oswa nan aktivite ki gen rapò ak lekòl; oswa

Posesyon, izaj, vant oswa solositasyon oswa yon sibstans pandan li lekòl la oswa nan aktivite lekòl la; oswa

Koze doamj sou kò ki grav

Yon zàm ki danjere se yon zam, aparèy, enstriman, materyèl oswa sibstans, anime oswa inanime, ki sèvi pou, oswa ki kapab prepare pou, koze lanmò oswa domaj sou kò ki grav, eksept si yon atik konsa pa enkli yon kouto nan pòch ak yon làm ki gen mwens pase de pous edmi (2-½") nan longè .

Domaj grav sou kò defini kòm yon domaj sou kò ki angaje yon ris sibstansyèl tankou lanmò; doulè fizik ekstrèm; defigiman pwolonje ak aklè; oswa pèt oswa domaj pwolonje fonksyonman yon manb nan kò a, yon ògan oswa fakilte mantal.

9. **Plasman nan yon Anviwònman Edikatif Altènatif pa Enterim** ("IAES") se yon plasman trè limite ki pèmèt si sikonstans ki etabli nan paragraf 5(a) anwo yo ekziste:

a. Plasman nan yon IAES kab rive konfòmeman a paragraf 5(a) anwo a kèlkilanswa konpòtman an se oswa pa yon manifestasyon andikap elèv la.

b. Anba sikonstans ki table nan paragraf 5(a) anwo a, plasman nan yon IAES kab rive sou demand direktè/tris la.

c. Dwe gen yon reyinyon pou yon plan edikatif endividyèl (IEP) ki fikse nan espas dis premye (10) jou plasma an. Direktè/tris/reprezantan l ap pran desizyon rezonab pou asire ke yonn oswa toulede paran timoun ki andikape a prezan nan reyinyon an oswa jwenn opòtinite pou patisipe, ki enkli akò pou fikse reyinyon an ansanm nan yon lè ak plas. Si okenn nan paran yo pa kapab vini nan reyinyon ekip IEP a, direktè/tris/reprezantan l ap itilize lòt metòd pou asire patisipasyon paran, ki enkli konferans endividyèl oswa apèl telefonik.

d. Yon reyinyon kab fèt san prezans yon paran si direktè/tris/reprezantan l pa kapab konvenk paran yo pou yo vini. Nan ka sa a, distri a ap konsève yon dosye ki gen tout tentativ yo te fè pou jwenn yon akò mityèl nan lè ak plas.

e. Yo dwe bay paran/responsab la yon kopi pwosedi sekirite yo a.

f. Yo dwe fè yon MDR nan reyinyon IEP a.

g. Lè y ap fè yon detèminasyon, distri a, paran, ak manb apwopriye ekip la dwe revize epi pran an konsiderasyon pwogram aktyèl elèv la, ak dosye istwa l, ki gen ladan tout enfòmasyon apwopriye nan dosye elèv la, plan akomodasyon elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè, ak nenpòt enfòmasyon apwopriye paran yo bay.

    i. Si anvan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon, Ekip la detèmine yon FBA ki nesesè pou yon elèv ki gen yon andikap, Ekip la pral san pèdi tan kòmanse FBA a ak ranvwaye disiplin elèv la jiskaske FBA a ap finl fèt. Ekip la ap konsidere done yo te rasanble nan FBA a pou detèmine si konpòtman elèv la se/ te yon manifestasyon andikap la.

h. Ekip la ap detèmine: (a) Si konpòtman elèv la genyen an, se rezilta, oswa gen yon relasyon dirèk ak sibstansyèl ak andikap elèv la; oswa (b) Si konpòtman elèv la genyen an se rezilta dirèk fayit pou aplike IEP a. Yon konsansis manb ekip la ap fè detèminasyon sa yo epi detèminasyon konsa ap baze sou enfòmasyon ekip la revize. Si nenpòt nan yo (a) oswa (b) aplikab, konpòtman an ap detèmine kòm yon manifestasyon andikap elèv la.

i. Yo dwe inisye yon Evalyasyon Konpòtman Fonksyonèl (“FBA”) nan espas dis (10) jou plasma an. Anplwaye ni nan lekòl aktyèl elèv la ni nan lekòl avan an ap patisipe nan FBA a.

j. Yo dwe devlope yon Plan Dentèvansyon sou Konpòtman (“BIP”) imedyatman aprè achèvman FBA a.

k. Sèvis edikatif pou detèmine nan espas dis (10) jou plasman dwe:

    i. Fasilite elèv la pwogrese yon fason apwopriye nan kourikoulòm jeneral la;

    ii. Fasilite elèv la avanse yon fason apwopriye nan direksyon objektif IEP yo; ak

    iii. Ki gen ladan l, selon jan li apwopriye, yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl, sèvis entèvansyon konpòtmantal, ak modifikasyon ki deziyen pou adrese konpòtman ki lakoz vyolasyon an konsa pou l pa repete ankò.

# Disiplin pou Elèv ki nan 504

1. Regleman sa a pou disiplin elèv ki kalifye pou sèvis anba seksyon 504 la te fèt pou konfòme ak lwa 6A-6.0331(8) komite edikasyon eta a, regilasyon seksyon 504 nan 34 C.F.R. Pati 104, ak 29 U.S.C. § 794 ("Seksyon 504"). Fraz "kalifye pou sèvis anba seksyon 504" fè referans ak elèv ki gen plan akomodasyon seksyon 504 aktif ak elèv ki gen andikap ki egzije plan seksyon 504. Sepandan*, pou objektif regleman sa a, si sèl kontraryete elèv la se depandans nan dwòg ak alkòl, elèv pa kalifye pou pwoteksyon anba seksyon 504 oswa ADA si aktyèlman elèv la ap fè izaj dwòg ilegal. Elèv konsa kapab disipline nan menm manyè ak lòt elèv pou posesyon dwòg ilegal oswa alkòl anba regleman 5.1812 oswa 5.1813 [ak regleman 5.1815] ak y ap resevwa menm pwosedi jis ak asistans pou dwòg menm jan ak lòt elèv yo anba regleman sa yo.*

2. **Definisyon.** Mo sispansyon ak mete deyò elèv ki kalifye pou sèvis anba seksyon 504 ap gen siyifikasyon apre yo atravè regleman sa a:
    a. **Sispansyon.—**Dapre Lwa § 1003.01(5)(a) Eta Florid [ak Règleman 5.1815], yo defini sispansyon, ki konn vle di tou sispansyon deyò lekòl la, kòm yon ranvwa tanporè nan lekòl piblik la pou fè elèv sispann suiv kèlkeswa klas l ap pran lekòl la ak pou pa vini sou lakou lekòl la ni nan kèlkeswa lòt aktivite lekòl la ap fè, eksepte si direktè(tris) la oswa reprezantan li otorize sa, pandan yon peryòd ki pa dwe plis pase dis (10) jou lekòl (youn dèyè lòt) ak ranvwaye elèv la sou responsablite paran responsab li ak yon seri devwadmezon byen detèmine pou elèv la fè lakay li**.** *Nenpòt ranvwa nan lekòl piblik, menm si papye nesesè pou sispansyon fòmèl la pa t fèt oswa konplete, li konte pou lwa 10 jou a. Tout jou elèv ki andikape a pase andeyò lekòl kòm yon rezilta desizyon lekòl la, kèlkilanswa li te fòmèl oswa enfòmèl, li aplike pou limit 10 jou a.*

    b. **Ekspilsyon**.—Daprè jan sa defini nan lwa § 1003.01(6) Eta Florid ak Règleman 5.1817, ekspilsyon vle di ranvwa definitif ak revokasyon dwa ak obligasyon elèv lekòl piblik la pou pa kontinye frekante lekòl la daprè kondisyon Konsèy administrasyon distri lekòl la tabli pou yon peryòd tan ki pa dwe depase rès tèm ane akademik la ak plis yon (1) ane eskolè. Ekspilsyon an kapab fèt avèk oswa san kontinyasyon sèvis edikatif (daprè Seksyon (4)(f) ki pi ba a) epi dwe rapòte kòmsadwa.

    c. **Re-evalyasyon**. Elèv ki nan plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif ki rekòmande pou sispansyon pandan plis pase dis (10) jou, oswa pou ekspilsyon, dwe genyen yon lòt evalyasyon ki fèt pou yo ankò avan yo ta dwe fè gwo chanjman siyifikatif nan plasman yo, daprè jan atik 34 C.F.R. § 104.35(d) mande sa. Elèv ki andikape, yo sispèk ki kalifye pou sèvis anba seksyon 504 la ki rekòmande pou sispansyon ki depase 10 jou, oswa ekspilsyon, dwe genyen yon lòt evalyasyon ki fèt avan yo fè yon chanjman siyifikatif nan plasman, dapre jan atik 34 C.F.R. § 104.35(d) mande sa.

3. **Sispansyon elèv nan kad lwa seksyon 504/ADA**. Eksepte si li endike yon lòt jan nan plan akomodasyon yo, elèv ki kalifye pou sèvis nan kad seksyon 504 dwe suiv regleman ki nan kòd konduit pou elèv la. Elèv ki kalifye pou resevwa sèvis nan kad seksyon 504/ADA a kapab jwenn sispansyon pou enfraksyon yo komèt, dapre jan sa defini pou tout elèv nan kad regleman 5.1812 oswa 5.1813 [ak Regleman 5.1815], ak restriksyon apre yo:

a. **Sispansyon pou dis (10) jou kimilatif oswa mwens**. Eksepte si sa endike yon lòt jan nan plan akomodasyon yo, y ap suiv metòd aplikasyon sispansyon elèv [ki nan regleman 5.1815] pou tout elèv ki kalifye pou resevwa sèvis Seksyon 504/ADA la ak rekòmande sispansyon pou dis (10) jou kimilatif oswa mwens.

b. **Nenpòt sispansyon ki depase dis jou (10) kimilatif.** Okenn elèv ki kalifye pou jwenn sèvis nan kad Seksyon 504/ADA pa dwe jwenn sispansyon pou plis pase dis jou (10) kimilatif pandan ane eskolè a, eksepte atravè metòd sa a. Se direktè (tris) lekòl la oswa reprezantan li ki responsab kontwole tout sispansyon ki bay an seri oswa kimilatif **ATANSYON**: si yo ta refere yon elèv ki nan yon plan akomodasyon Seksyon 504 ki aktif pou resevwa tès ESE avan oswa pandan manifestasyon peryòd detèminasyon Seksyon 504 la, elèv sa a pwoteje anba lwa IDEA (Lwa Edikasyon pou moun andikape) pou kesyon disiplin. Kidonk, ekip manifestasyon an dwe trete elèv la tankou yon elèv ESE. Direktè/tris oswa reprezantan li dwe notifye ekip pliridisiplinè 504 la imedyatman lè yon elèv ki kalifye pou sèvis nan kad Seksyon 504/ADA vyole regleman disiplin yo epi ap konsidere pou sispansyon pou plis pase dis (10) jou kimilatif pandan ane eskolè a.

i. Avan vennkat èdtan (24) tan rekòmandasyon pou sispansyon pwolonje a, direktè (tris)/reprezantan li dwe bay paran/responsab ak elèv ki genyen sispansyon pwopoze a, swadizan pou movèz konduit la, yon avètisman alekri, ou ki kote ak ki lè ekip pliridisiplinè 504 la ap fikse reyinyon an. Yo dwe bay enfòmasyon sou objektif, kantite patisipan ak ki kote reyinyon an ap fèt. Paran responsab elèv la dwe enfòme pou konnen ekip pliridisiplinè 504 la ap sèvi kòm ekip plan 504 la tou ak gen dwa kapab chanje plan Seksyon 504 elèv la. Y ap bay responsab elèv la yon kopi Garanti legal dwa paran an pou Seksyon 504/ADA a.

ii. Direktè/tris/reprezantan li ap pran desizyon rezonab pou asire ke yonn oswa toulede paran timoun ki andikape a prezan nan reyinyon an oswa jwenn opòtinite pou patisipe, ki enkli akò pou fikse reyinyon an ansanm nan yon lè ak plas. Si okenn nan paran yo pa kapab vini nan reyinyon ekip IEP a, direktè/tris/reprezantan l ap itilize lòt metòd pou asire patisipasyon parn, ki enkli konferans endividyèl oswa apèl telefonik.

iii. Fè yon reyinyon san prezans yon paran. Yon reyinyon kab fèt san prezans yon paran si direktè/tris/reprezantan an pa kapab konvenk paran yo pou yo vini. Nan ka sa a, distri a ap kenbe yon rapò sou tout tantativ ki te fèt pou jwenn yon akò mityèl sou lè ak plas.

iv. Kopi garanti legal dwa paran pou Seksyon 504/ADA a dwe poste ale jwenn paran an pamwayen kourye rekòmande oswa kourye ak resepsyon konfime (avi resepsyon egzijib) oswa direktè (tris) oswa reprezantan li dwe delivre kopi sa a pèsonèlman avan vennkat (24) èdtan pou pi piti avan reyinyon an. 24) hours prior to the meeting. Yo dwe resevwa resi oswa avi respesyon pou lèt rekòmande a ak siyati paran an.

v. Avan pou yo kapab mete elèv la deyò lekòl la pou rekòmandasyon sispansyon an, direktè (tris) oswa reprezantan li dwe fikse avèk ekip pliridisiplinè 504 la yon analiz ensidan ki te lakoz rekòmandasyon pou sispansyon an.

vi. Manb komite a dwe gen ladan li kalite anplwaye sa yo:

1. Yon sikològ lekòl kòm moun ki gen konesans metòd evalyasyon dapre andikap la.

2. Si dosye andikap la se yon andikap medikal, enfimye lekòl la dwe prezan pou pale avèk sikològ la.

3. Yon pwofesè, konseye akademik oswa yon mouin apwopriye ki konnen elèv la.

4. Yon administratè (ki pa dwe administrate ki fè rekòmandasyon an) kòm moun ki konnen metòd sispansyon/ranvwa definitive la.

vii. The 504 Ekip pliridisiplinè 504 la dwe revize ka a ak detèmine si konduit elèv la te oswa pa t manifestasyon yon andikap ki lakoz li rive gen yon plan Seksyon 504. Yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR) an se yon pwosesis kote paran yo ak lekòl la rankontre pou detèmine si elèv la te dwe anba yon chanjman disiplinè nan plasman pou konpòtman ki se yon manifestasyon andikap li. Nenpòt lè yon elèv ki gen andikap nan plasman kòm chanjman disiplinè, (paegzanp, sispansyon oswa ekspilsyon), distri a distri lekòl la dwe fè yon Revizyon Detèminasyon Manifestasyon (MDR) an avan dis (10) jou kòmanse nan lè desizyon an te pran pou retire elèv la nan lekòl la.

viii. Lè y ap fè detèminasyon yon manifestasyon, distri a, paran, ak manb apwopriye ekip la dwe revize ak pran plan akomodasyon elèv la, nenpòt obsèvasyon pwofesè yo, rekòmandasyon/enfraksyon disipline pase yo ak nenpòt enfòmasyon apwopriye paran yo bay.

ix. Ekip la ap detèmine (a) si konpòtman aktyèl la lakoz oswa te gen yon relasyon sibstansyèl ak dirèk ak andikap elèv la; oswa (b) si konpòtman aktyèl la se rezilta dirèk fayit pou te aplike Plan Akomodasyon Seksyon 504 la. Dwe gen yon konsansis ant manb ekip la pou fè detèminasyon sa a epi yon detèminasyon konsa dwe fèt anba revizyon enfòmasyon ekip la. Si nenpòt (a) oswa (b) aplikab, konpòtman an ap detèmine kòm yon manifestasyon andikap elèv la.

x. "PBSD 2209" se fòm ki eksplike pwosedi Detèminasyon Manifestasyon Andikap pou elèv ki gen Plan Seksyon 504 yo"

---

Manifestation of the Disability: A manifestation of the disability is the exhibition of behaviors which are considered to be a component of the individual student's disability.

i. Si anvan yon reyinyon detèminasyon manifestasyon, Ekip la detèmine yon FBA ki nesesè pou yon elèv ki gen yon andikap, Ekip la pral san pèdi tan kòmanse FBA a ak ranvwaye disiplin elèv la jiskaske FBA a ap finI fèt. Ekip la ap konsidere done yo te rasanble nan FBA a pou detèmine si konpòtman elèv la se/ te yon manifestasyon andikap la.

xi. Si ekip pliridisiplinè 504 a detèmine ke konpòtman elèv la pa yon manifestasyon, lè sa a, yo gen dwa sispann elèv la nan lekòl la menm jan yo t ap sispann nenpòt lòt elèv ki pa kalifye pou sèvis anba seksyon 504. Antouleka, yon elèv konsa ap kontinye resevwa sèvis edikatif yo, konsa pou pèmèt timoun lan kontinye patisipe nan kourikoulòm edikatif jeneral, malgre nan yon lòt kad, epi pou reyalize pwogrè ki tabli nan plan akomodasyon seksyon 504 elèv la, ak resevwa, kòmsadwa, yon evalyasyon konpòtman ki fonksyonèl, sèvis entèvansyon ak modifikasyon pou konpòtman ki prepare pou adrese vyolasyon konpòtman an nan fason pou l pa repete ankò.

xii. Si yo detèmine konpòtman elèv la se te yon manifestasyon andikap li, lè sa a, ekip pliridisiplinè a ap fè yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl la, ak aplike yon plan entèvansyon pou konpòtman, ki gen ladan pwovizyon pou Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman Pozitif, si yo p at konplete yon evalyasyon konsa avan move konpòtman an. Si yo te devlope yon plan sipò pou konpòtman, komite a ap revize plan an, modifye l, ak si se nesesè, adrese konpòtman an ak enkli ladan l pwovizyon pou entèvansyon ak sipò pou konpòtman pozitif, epi retounen plase elèv la nan lekòl yo te retire l la. Anyen ki la a tou pa vle di y ap anpeche ekip la pwopoze yon lòt plasman, osilontan plasman an apwopriye ak li nan yon anviwònman ki mwens restriktif.

4. **Ekspilsyon elèv nan kad seksyon 504/ADA**

a. Elèv ki kalifye pou sèvis nan kad lwa seksyon 504/ADA gen dwa jwenn rekòmandasyon pou ekspilse yo lekòl la dapre jan sa defini pou tout elèv yo.

b. Direktè/tris/reprezantan l dwe notifye ekip pliridisiplinè 504 la imedyatman apre li fin rekòmande yon elèv pou ekspilsyon.

c. Anplis pwosedi rekòmande nan kad règleman 5.1817, ant vennkat (24) èdtan apati lè rekòmandasyon pou ekspilsyon an, direktè/tris/reprezantan l dwe notifye alekri paran responsab elèv li pwopoze pou ekspilsyon an, ak mansyone dat ak lè ekip pliridisiplinè 504 la ap fikse pou detèmine si gen manifestasyon andikap. Pwosedi pou *kondui yon MDR ak pou* asire patisipasyon paran ki tabli nan lwa 5.1891 (3) anwo a ap aplike kòm demand pou ekspilsyon yo.

d. Yo dwe delivre pa kourye ak konfimasyon resepsyon notifikasyon sa a, pwosedi sekirite yo, ak yon kopi Règleman sa, oswa direktè/tris/reprezantan li dwe delivre l pèsonèlman ak resevwa yon resi ki siyen.

e. Si yo detèmine move konduit elèv la pa manifestasyon yon andikap, yo kab mete elèv la deyò menm jan ak elèv ki pa kalifye pou sèvis plan akomodasyon seksyon 504 la. *Antouleka, yon elèv konsa ap toujou kontinye resevwa sèvis edikatif,* pou pèmèt elèv la kontinye patisipe nan kourikoulòm edikasyon jeneral la, malgre nan yon lòt kad, epi pou reyalize pwogrè ki tabli nan plan akomodasyon seksyon 504 elèv la, ak resevwa, kòmsadwa, yon evalyasyon konpòtman ki fonksyonèl, sèvis entèvansyon ak modofikasyon pou konpòtman, ki prepare pou adrese vyolasyon konpòtman an nan fason pou l pa repete ankò.

f. Si yo detèmine move konpòtman elèv la se te yon manifestasyon andikap li, lè sa a, lalwa federal pa pèmèt yon distri lekòl sispann tout sèvis edikatif. Si yo detèmine konpòtman elèv la se yon manifestasyon andikap li, ekip pliridisiplinè a ap kondui yon evalyasyon konpòtman fonksyonèl la, ak aplike yon plan entèvansyon ki gen ladan l pwovizyon Entèvansyon ak Sipò pou konpòtman pozitif, si yon evalyasyon parèy p at devlope avan konpòtman an. Si yo te devlope yon plan entèvansyon pou konpòtman, komite a ap revize plan an, modifye l, ak si se nesesè, adrese konpòtman an ak enkli ladan l Pwovizyon Entèvansyon ak Sipò pou Konpòtman pozitif. Nan kèlkeswa ka a, y ap retounen plase elèv la kote yo te retire l la. Anyen ki la a tou pa vle di y ap anpeche ekip la pwopoze yon lòt plasman, osilontan plasman an apwopriye ak li nan yon anviwònman ki mwen restriktif.

# Ekzanpsyon pou Bon Rezon

**Ekzanpsyon pou Bon Rezon dapre Lwa 1006.15 Eta a:**

Lwa 1006.15 deklare:

Yon elèv ka pa kapab patisipe nan yon espò si elèv la te patisipe nan menm kalite espò a nan yon lòt lekòl pandan ane akademik la, amwenke elèv la ranpli youn nan kritè sa yo:

- Elèv endepandan ki nan sèvis militè ki deplase sou rekòmandasyon militè.
- Elèv ki relokalize akoz li anba yon paran adoptif ki nan yon zòn lekòl ki diferan.
- Elèv ki deplase akoz desizyon tribinal ki montre chanjman akoz separasyon oswa divòs, oswa
- Maladi grav oubyen lanmò yon paran ki responsab.
- Otorize pou bon koz nan distri a oswa regleman lekòl semi piblik.

Anplis langaj ki nan regleman an, Distri Lekòl Rejyon Palm Beach la ap ofri yon bon rezon pou ekzanpsyon **pèsonèl Distri** a voye yon elèv nan yon lòt lekòl..

# Glosè

Nan seksyon sa a nan manyèl la yo dekri definisyon tèm ak/oswa konpòtman elèv yo konsidere kòm vyolasyon nan Kòd Konduit Elèv la. Izaj mo, tankou atak ak mete dife, pa sipoze konsidere kòm ekivalan oswa gen menm estanda ak konsekans avèk menm mo ki defini nan kontèks kriminèl nan Lwa Florid la. Komite Dirijan Lekòl la konsève fleksibilite ak dwa pou atache definisyon yo te jwenn nan Règ Komite Dirijan ak mo sa yo san yo pa atache okenn estanda kriminèl tribinal yo oswa lejislati tabli. Lè yon elèv komèt yon enfraksyon, move konpòtman an dwe klase selon definisyon ki pi byen dekri li a. Tout elèv ak paran/responsab dwe konprann, nan adisyon pou pran estrateji korektif nan nivo lekòl la, dapre règ Komite a yo dwe rapòte bay Lapolis Lekòl la sèten konpòtman kriminèl ak/oswa twoublan.

Senbòl ***** ki akote twa lèt kòd vyolasyon sou lis anba a nan Glosè a, reprezante definisyon SESIR ak rekòmandasyon Depatman Edikasyon an otorize.

***Abeyance* - Sispansyon** - Jou sispansyon andeyò lekòl yo bay, men li pa aplikab si yo ranpli yon plan altènatif. Pa egzanp pran klas edikasyon pou tabak, alkòl, oswa dwòg.

***Abuse of School Property/Minor Vandalism* - Abize pwopriyete Lekòl/Sabotaj minim**- Itilize mal oswa enkòrèkteman, oswa maltrete nenpòt ekipman oswa pwopriyete nan lekòl la. L2

***Aggravated Assault {OMC *}* – Krim Grav** - Yon atanta avèk yon zam mòtèl san entansyon pou tiye; oswa avèk entansyon pou komèt yon feloni. “Assault” (Krim) se yon menas entansyonèl, ilegal dapre pawòl oswa aksyon pou fè vyolans sou yon lòt moun, melanje avèk yon abilte aparan pou fè sa, ak poze kèk aksyon ki tabli yon perèz byen fonde sou lòt moun nan yon fason tèl vyolans la iminan. (F.S. 784.011 ak 784.021)) L4

***Alcohol {ALC *}* - Alkòl** - vyolasyon lwa oswa òdonans ki entèdi fabrikasyon, vann, achte, transpò, posesyon oswa izaj bwason ki gen alkòl entoksikan. Rapòte izaj li sèlman si yo kenbe moun nan, nan zak la, oswa yo dekouvri li te itilize li pandan ankèt la. L3

***Apology Letter* - Lèt Ekskiz** - Elèv la dwe fè amand onorab ak rachte li pou konpòtman negatif li te genyen an kote l ap pran responsabilite pou korije pwoblèm konpòtman l te kreye a atravè swa deklarasyon vèbal oswa ekri pou eksprime regrè li.

***Armed Robbery {ROB *}* - Vòlè avèk Zam** - Vòlè lajan oswa lòt pwopriyete yon lòt moun, ak entansyon pou pran lajan an oswa pwopriyete moun nan pou yon ti bout tan oswa pou tout tan, lè genyen fòs, vyolans, ensilt, oswa kraponnaj ki fèt nan vòl la; ak itilizasyon zamafe oswa lòt zam ki kapab touye moun (Lwa eta Florid '' 812.13(1) & (2)(a)). L4

# Glosè

***Arson {ARS *}*** - **Mete Dife** - Mete dife volontèman oswa ilegalman, oswa pandan w ap komèt nenpòt feloni, ak dife oswa eksplozyon, domaj oswa koze domaj: nan nenpòt kay, kit li te vid, kit li te gen moun ladann, oswa pou boule sa ki nan kay la; ensandye nenpòt imèb oubyen edifis, oubyen sa ki andedan yo, kote te kab gen moun nòmalman; ak nenpòt lòt batiman kote moun nan te konnen oswa te gen rezon byen fonde pou kwè te gen moun la. (lwa Eta Florid (' 806.01(1)(a)-(c)). L3

***Battery {BAT *}*** – **Agresyon Fizik Grav** - Entansyonèlman oswa pa ekspre ofanse yon lòt moun nan yon fason tèlman grav ki lakoz moun nan vin domaje pou lavi oswa defigire pou lavi. Yon atak se lè yon moun fè eksprè touche oswa bay yon lòt moun kou san li pa vle oswa fè eksprè fè yon moun mal (Lwa Eta Florid '' 784.03 & 784.045). L4

***Behavior Contract or Plan*** **- Kontra oswa Plan Konpòtman** - Yon kontra oswa yon plan vèbal oswa alekri ki siyen ak elèv la kote gen objektif ak rezilta klè ki pase ak elèv la pou kapab devlope ladrès nesesè pou ede l rezoud pwoblèm nan.

**Bomb Threat** {**TRE** *} - **Menas Bonm** - Entansyonèlman bay yon moun yon fo rapò, enkli pèsonèl lekòl, konsènan plasman nenpòt bonm, dinamit, eksplozif, oswa ekipman ki koz dife. L3

***Breaking and Entering/Burglary {BRK *}*** - **Kase pòt antre lakay moun/Vòl -** Antre oswa fòse antre ilegalman nan yon bilding oswa nan yon lòt lokal, oubyen kache dèyè oswa nan ozalantou ak entansyon pou komèt yon zak kriminèl nan lokal sa a. L3

***Bullying/Cyber Bullying {BUL *}*** – **Agresyon/Entimidasyon sou entènèt** - Enflije domaj fizik oswa detrès sikolojik Sistematik ak kwonik sou youn oswa plis elèv oswa anplwaye ki grav oswa konvenkan ase pou kreye yon anviwonman entimidan, ostil oswa ofansif, oswa entèfere san rezon ak pèfòmans oswa patisipasyon lekòl moun nan, jan sa defini nan Règleman 5.002 SB. L2

***Bus, Assigned Seat*** **- Plas Deziye nan Otobis Lekòl la** – Plas yo bay elèv la tanporèman, oswa definitivman pou li chita nan otobis la.

***Bus Disruption*** **- Dezòd nan Otobis** - Konpòtman ki entewonp oswa twouble chofè bis la nan travay li pou kondui bis lekòl la nòmalman. L2

***Bus, Probation*** **- Monte nan Otobis, men sou Prekosyon** - Yon altènativ pou sispansyon nan otobis. Yon elèv yo asepte monte bis lekòl la sou kosyon kapab, byen posib, jwenn sispansyon pou li pa monte bis la ankò depi li vyole regleman disiplin yo te ba li otobis rive.

***Bus, Suspension*** **- Sispansyon pou pa Monte Otobis Lekòl** - Lekòl la defann elèv la monte otobis li yo pandan yon peryòd tan byen detèmine. (Konsekans vyolasyon regleman transpò yo, règ yo ak mòd konduit yo mande yo pa vle di se sispansyon privilèj pou pa monte otobis lekòl la sèlman yo merite. Gen lòt sanksyon, tankou sispansyon pou pa vini lekòl la menm, oswa ekspilsyon ki kapab aplike tou.)

***Cellular Telephone/Technology Violation*** **- Vyolasyon règ pou itilize telefòn pòtab/ekipman teknolojik**
Izaj aparèy kominikasyon san kòd enkli men pa limite telefòn pòtab, telefòn kamera, lektè MP3, iPods, epi lòt aprèy elektwonik ki an vyolasyon ak tan, lokasyon ak fason li ekspoze nan *Regleman sou Konpòtman Elèv* (SB Regleman 5.183). L1

# Glosè

***Cheating* – Pran Poul /Triche** - Itilizasyon ak/oswa separasyon, distribisyon, piblikasyon oswa repwodiksyon san otorizasyon oswa pèmisyon kèlkeswa oswa nenpòt materyèl didaktik ak lòt enfòmasyon lekòl ki kopye oswa enprime atravè yon fason kèlkonk nan entansyon pou jwenn avantaj pèsonèl oswa akademik (sa pa ta enkli kopye sou lòt elèv, itilize fèy papye ki gen poul oswa nenpòt lòt ka triche pwofesè klas kab detèmine. L1

***Check In/Check Out* - Antre/Sòti** - Kontak kotidyen avèk yon adilt nan lekòl la. Elèv la dwe wè adilt sa a chak jou avan lekòl kòmanse, ak nan fen jounen an.

***Computer/Technology Misuse -Major* {OMC*} - Move zak nan konpitè/Teknoloji ki grav-** Move zak nan konpitè, men se pa sa sèlman, antre san pèmisyon nan yon seri dosye ak rezo ki entèdi, chanje oswa detwi fichye san otorizasyon, kopye pwogram lojisyèl ilegalman, antre, distribiye oswa enprime fichye ki entèdi. Antre oswa ale nan yon seri sit entènèt ki entèdi; Distribiye oswa pwopaje yon seri mesaj elektwonik ki pa apwopriye. L3

***Computer/Technology Misuse – Minor* - Move Izaj konpitè/Teknoloji ki minim -** Mal itilize yon konpitè ak/oswa ekipman teknolojik san entansyon an pa t gen malis ladan. L1

***Conference with Student/Warning* - Reyinyon ak Elèv la/Avètisman -** Vle di reyinyon administrasyon lekòl la fè ak elèv la pou avèti li sou ensidan k ap pase a.

***Confiscation - Konfiskasyon* -** Objè lekòl la pa asepte moun genyen pandan yo sou lakou a. Tou depan de objè sa (yo), lekòl la gen dwa remèt li bay lapolis oswa lekòl la gen dwa kenbe objè sa (yo) jiskaske paran responsab yo vini chèche yo lekòl la, oswa remèt yo bay elèv la apre yon sèten tan.

***Conflict Resolution* - Rezoud Konfli -** Yon tèm jeneral pou yon varyete aktivite ki gen pou rezilta rezoud pwoblèm ak nòmalize relasyon.

***Confrontation* – Konfwontasyon -** Diskisyon vèbal oswa ankourajman konplis pou eksite konfwontasyon oswa altèkasyon ki kab dejenere pou tounen an batay oswa akwochay. L1

***Counterfeit* - Fè Fo Dokiman -** Fè fo dokiman oswa fo repwodiksyon dokiman oswa lajan oubyen lòt atik ankò ak entansyon pou pran avantaj yon sitiyasyon; enkli ni fo lajan ni fo dokiman; ak nenpòt enfraksyon nivo 3 ki pa apwopriye pou fèt sou lakou lekòl la ak ki pa klase pami lòt kategori enfraksyon nivo 3. Nan menm kategori sa a ou jwenn neglijans koupab, ekspoze lòt moun mete yo andanje. L3

***Criminal Act Against a Person* {OMC*} - Zak Kriminèl kont yon Moun** - Nenpòt moun ki eseye komèt oswa ki mande yon lòt moun pou komèt, oswa ki dakò pou konplote, fè konbinezon, aranje ak [kèk] lòt moun pou komèt ofans tankou bay moun kou, vòl, ansasinay, kidnaping, oswa kadejak sou yon lòt moun, epi k ap fè nenpòt aksyon k ap pèmèt li reyalize ofans sa a, men ki kite yo kenbe li san li poko oswa pa gen tan komèt zak la. (Lalwa Florid ' 774.04). L4

# Glosè

***Dangerous Items*** **{WPO*} – Zam ki Danjere** - Nenpòt enstriman oswa objè, ki pa zamafe, revolvè oswa kouto ki kapab sèvi delibereman pou fè yon lòt moun mal, oswa ki kapab itilize pou entimide yon lòt moun. Nan kategori sa a genyen revolvè jwèt ak jwèt oswa replika ki sanble revolvè toutbon. Genyen tou, nan kategori sa a posesyon oswa depo atik lekòl la entèdi, enkli, men ki pa limite ak ekipman Tezè/zam ak dechaj elektrik ot tansyon, chajè pou minisyon, bal oswa magazin, likid flamab, materyèl konbistib, sibstans pwazone, mas, vaporizatè pwavriye, ak nenpòt lòt atik ki kapab koze domaj. (NÒT: Si gen yon zam ki itilize diran yon ensidan, ensidan sa a dwe dokimante enkli antre yon korespondans apwopriye ki gen rapò ak zam AK yon aksyon disiplinè kapab ogmante konsiderableman.) L3

***Detention*** **- Detansyon –** Kantite tan yon elèv dwe rete nan lekòl la apre lòt elèv yo fin ale pou jounen an, oswa nan Samdi.

***Disobedient/Insubordination*** **- Dezobeyisans/Ensibòdinasyon -** Dezobeyi lòd oswa demann yon manm pèsonèl. L1

***Disrespectful Language*** **– Langaj Awogan -** Remak oswa kòmantè ekri oswa vèbal oswa jès ki montre yon mank respè, awogans oswa ki pa apwopriye. Itilize mo oswa komèt aksyon ki diminye, degrade, pwovoke oswa imilye yon lòt moun oswa yon gwoup moun. L1

***Disruption of a School Function*** **{DOC*} - Entewonp yon Fonksyon Lekòl -** Nenpòt aksyon ki dewoute yon fason drastik konduit nòmal yon fonksyon lekòl la; konpòtman ki twouble konsiderableman anviwònman apwopriye pou aprantisaj oswa ki prezante yon menas pou sante, sekirite, ak/oswa byennèt elèv yo, estaf oswa lòt moun. L3

***Disruptive (Unruly) Behavior or Play*** **– Konpòtman oswa Jwèt (Dezòd) Twoublan -** Sanksyon ki repete (3 fwa oswa plis) pou move konpòtman nan nivo 1 enkli jwet twoublan, langaj ensolan ak nenpòt lòt konpòtman repetitif ki twouble an anviwònman klas la. L2

***Dress Code Violation*** **- Vyolasyon Kòd Vestimantè** - Abiye yon fason ki an vyolasyon ak regleman abiman oswa kòd vestimantè lekòl la ak/oswa nan yon fason ki ta reprezante yon risk an tèm sekirite (F.S 1006.07). L1

***Drugs or Imitation Drugs Represented as Drugs*** **{DRU*} - Dwòg oswa Imitasyon Dwòg yo Reprezante kòm Dwòg** - Sere, posede, achte, itilize oswa mete w sou enfliyans nenpòt sibstans ki kapab altere bonsans oswa chanje konpòtman ak/oswa lòt sibstans danjere ki nan lwa 893 eta Florid; ki enkli, men pa sèlman sa, marigwana, alisinojèn, pwodui inalan menm jan ak nenpòt sibstans ki reprezante yon sibstans ilegal tankou "dwòg atizanal", oswa grenn kafeyin, tablèt, oswa dous oswa nenpòt sibtans ki reprezante kòm sibtans pandan ou sou lakou lekòl la oswa sou jiridiksyon distri lekòl rejyon Palm Beach la. L3

***Drug Paraphernalia*** **{OMC*} - Ekipman ak aseswa pou dwòg** - Posede, itilize, vann, kache, oswa distribye nenpòt aparèy oswa ekipman yo itilize pou prepare oswa pran dwòg; sa encli, men pa sa sèlman, materyèl

ki nan lis lwa eta Florid nimewo 893.145, ak materyèl yo kapab detèmine konsidere kòm dwòg parafemelya anba kritè dekrè ki soti nan lwa eta Florid nimewo 893.146. L3

# Glosè

***Drugs (Sale)*** **{DRD*} – (Vann) Dwòg -** Vann oswa distribye nenpòt sibstans danjere ki nan lis F.S. Chapit 893,, ki chaje konpòtman ki konsidere kòm dwòg, ansanm ak tout lòt sibstans tankou mariwana, alisinojèn, lafimen/lòt bagay ou vale/respire, osibyen ke nenpòt sibstans, tankou "dwòg fòje" oswa grenn kafeyin, konprime, kapsil, oswa nenpòt sibstans ki kapab sèvi kòm dwòg sou pwopriyete distri lekòl la, sou mwayen transpò, oswa nan aktivite lekòl la. L4

***Explosive Device*** **{WPO*} – Aparèy Eksplozif -** Yon eksplozif se nenpòt konpozisyon oswa melanj chimik ki genyen pwopriyete konbisyon oswa oksidasyon lè li jwenn chalè, flanm, oswa chòk, tankou men pa sèlman dinamit, nitwogliserin, trinitwotolyèn, oswa nitrat amonyak lè yo melanje ak lòt engredyan pou fòme yon melanj eksplozif; eksplozyon, ak eklatman (Lwa Eta Florid ' 790.001(5)).

***Extortion/Blackmail/Coercion*** **{ROB*} - Ekstòsyon/Chantaj/Entimidasyon** - Menas oswa entimidasyon pou pran yon bagay ki gen valè nan men yon lòt moun tankou paegzanp, men ki pa sa sèlman, lajan. L3

***False Fire Alarm/911 Call*** **{OMC*} - Fos Alèt Ensandi /Apèl d Ijans 911 -** Nenpòt moun, san yon rezon valab, ki kriye awotvwa oswa sonnen klòch, oswa ki fè sikile, oswa lakoz yon fos alèt ensandi oswa yon fòs apèl d ijans 911. L3

***Fighting*** **{FIT*} – Goumen -** Patisipasyon tou de pati yo nan yon konfwontasyon fizik ostil; patisipasyon tou de pati yo nan yon altèkasyon ki gen vyolans fizik ladan li. L3
(REMAK: Lejitim Defans se yon aksyon pou metrize oswa bloke yon atak kont yon lòt moun oswa pwoteje pwòp tèt ou kont lòt moun k ap frape w. Frape yon lòt moun ki te frape ou se pa lejitim defans epi y ap konsidere li kòm goumen.)

***Firearm/Handgun/Rifle/Shotgun*** **{WPO*} – Zamafe/Pistolè/Mitrayèt/Revolvè -** Posesyon oswa komès nenpòt zamafe, sa enkli revolvè, nan lakou lekòl la, mòd transpò lekòl la sipòte oswa diran yon aktivite lekòl la òganize. Yon zamafe defini kòm nenpòt zam ki fèt pou, oswa ki kapab, tire bal pamwayen eksplozyon (pistolè ademaraj pwojektil); nenpòt mòflè oswa silansye pou zamafe; nenpòt zam ki kab lakoz destriksyon; oswa nenpòt mitrayèt, revolvè otomatik, oswa revolvè. Tèm zamafe a pa konsidere yon zamafe antik ki fè pati koleksyon, sof si zamafe antik sa a ta enplike nan yon zak kriminèl. Yon zam destriktiv vle di nenpòt zam tankou bonb, grenad, min, fize, misil, dinamit oswa nenpòt objè sanblab ki gen ladan li yon kalite pwodui eksplozif oswa ki fèt pou pwovoke eksplozyon ki kapab lakoz domaj fizik lakay moun oswa sou yon pwopriyete. L4

***Firecrackers/Poppers*** **- Fedatifis/Peta** - Posesyon, izaj, lavant, konsèvasyon ak distribisyon fedatifis, peta, oswa lòt atik ki nan menm kalite, depi atik sa a pa sèvi kòm zam, oswa li pa konsidere kòm zam daprè lwa eta Florid la. L2

***Forgery of a Document or Signature*** **- Fo dokiman oswa Fo Siyati** - Fòje oswa repwodui siyati yon lòt moun pou fè fwod. L2

***Gambling*** **{OMC*} – Jwèt Aza -** Moun ki patisipe nan jwèt aza oswa teknik pou fè lajan, pwofi oswa nenpòt bagay ki gen valè. L2

# Glosè

***Harassment*** **{HAR*} – Arasman -** Nenpòt menas, jès insiltan oswa degradan, izaj enfòmasyon oswa lojisyèl (pwogram enfòmatik), oswa konpòtman ekri, vèbal oswa fizik Ki (1) Mete yon anplwaye lekòl oswa yon elèv anba yon perèz danje ki rezonab pou limenm oswa domaj pou pwopriyete l, (2) Gen yon efè ki entèfere yon fason sibstansyèl ak pèfòmans edikatif, opòtinite, oswa ak benefis yon elèv, oswa (3) Gen yon efè pou deranje yon fason sibstansyèl lòd operasyon lekòl la enkli nenpòt konduit ki konsène yon moun an patikilye ki lakoz distrès emosyonèl sibstansyèl nan moun sa a epi ki pa gen okenn objektif lejitim jan li defini nan regleman SB 5.002. L2

***Hazing*** **{HAZ*} - Kraponaj -** Nenpòt aksyon oswa sitiyasyon ki mete andanje sante fizik oswa mantal oswa sekirite yon elèv nan bi pou inisye oswa admèt nan oswa afilye avèk nenpòt òganizasyon lekòl la patwone. "*Hazing*" enkli men li pa limite ak: (a) presyon, kontrenn oswa fòse yon elèv patisipe nan yon aktivite ilegal oswa danjere, oswa (b) nenpòt britalite fizik, tankou kale (koudfrèt), bat, make po, oswa ekspoze ak eleman yo. L3

***Homicide/Murder*** **{HOM*} – Omisid/Touye Moun** -Touye yon moun ilegalman (Lwa Eta Florid, paragraf 782.04); ak ansasinay – zak touye yon moun swa pa aksidan, swa akoz neglijans yon lòt moun san okenn jistifikasyon legal (Lwa Eta Florid, paragraf § 82.07).L4

***Inappropriate Activity*** **- Aktivite ki pa apwopriye** - Nenpòt aktivite k ap entewonp oswa anpeche pwosesis fonksyònman ansèyman an ki pa kab ajoute nan lis la kòm yon lòt aktivite ki fè pati enfraksyon Nivo 1. L1

***In-School Alternative to Suspension*** **- Altènativ pou Sispansyon Andedan Lekòl la -** Altènativ pou evite sispansyon andeyò lekòl la men ki anpeche elèv la suiv kèk oswa tout klas l ap pran yo. Pandan peryòd altènativ pou sispansyon andedan lekòl la, lekòl la mete elèv la nan yon lòt sal klas byen detèmine kote li pa gen dwa deplase.

***Instruments or Objects*** **– Enstriman oswa Objè –** Yo kapab konsidere posesyon yon enstriman oswa objè ki kapab sèvi kòm yon zam (men ki pa yon zamafe) anba tèks sa a si pat gen okenn menas oswa entimidasyon ki te fèt avèk enstriman an oswa objè a, sa vle di BB Guns, revòlvè jwèt elatriye. L2

***Intoxicants*** **{DRU*} – Pwodui Entoksikan -** Rale nan nen oswa antre pwodui entoksikan nan sistèm ou; tankou paegzanp, men pa sèlman sa, lakòl, sòlvan, bitàn ak krèm fwete ak objektif pou santi w hay ak chanje eta espri w. L3

***Kidnapping or Abduction*** **{KID*} - Kidnapin oswa Anlèvman -** vòlè, anlve, oswa anprizone yon lòt moun pa lafòs, an sekrè, oswa ak menas kont volonte moun nan oubyen san otorizasyon lalwa. L4

# Glosè

***Lewd, or Obscene Act {SXO*}*** **- Konpòtman Inapwopriye, Endesan, oswa Obsèn** - Izaj langaj oral oswa ekri, mesaj elektwonik, foto, objè, jès, oswa angaje nan nenpòt aksyon ofansif, sosyalman inakseptab, oswa ki pa apwopriye pou yon anviwònman edikatif. Enkli nan kategori sa a ekspozisyon endesan (ekspoze pati prive kò w(yo) pou yon lòt moun wè nan yon fason obsèn oswa endesan nan yon andwa piblik), ak obsenite (konpòtman ki dapre estanda kominotè a revele kowonpi pou moral piblik dapre endesans ak/oswa koripsyon tankou apèl telefonik oswa lòt kominikasyon oswa fabrikasyon, piblikasyon, lavant, acha oswa posesyon ilegal materyèl tankou literati oswa fotografi. L3

***Loss of Privileges - Pèdi Privilèj*** **-** Pèdi privilèj k ap fèt pandan ak apre lè lekòl yo tankou asanble jeneral yo, aktivite ensantiv ak evènman espòtif, elatriye.

***Lying /Misrepresentation*** **–** Bay manti oswa move enfòmasyon entansyonèlman, pa bay manm estaf lekòl la enfòmasyon ki valab. L1

***Materials*** **– Materyèl –** Vann oswa distribye materyèl ki pa otorize diran klas, pa egzanp sirèt, magazin. L1

***Menacing Statements*** **– Deklarasyon Menasan -** Yon menas ki nan yon nivo mwayen ki pi serye, ki reprezante yon menas kan menm, malgre li gen dwa pa fin serye nèt reyèlman. Kalite menas sa a pi serye pase menas premye nivo a; mesaj vèbal moun k ap fè menas la voye bay la kapab jeneralman endike ki jan, ki kote ak ki lè menas la ap akonpli (malgre siy sa yo pa bay okenn ide se yon plan byen detaye). Pa gen okenn prèv flagran ki montre moun k ap fè menas la fè preparasyon ekprè pou sa, menm si kapab gen kèk siy vag oswa kèk referans vwale ki montre posiblite pou sa. L2

***Mentoring*** **- Konseye -** Yon granmoun oswa yon elèv yo asepte chwazi kòm modèl pou gide, ankouraje, oryante, konseye ak ede yon elèv ki bezwen gade sou yon moun kòm modèl pozitif

***Motor Vehicle Theft*** **{STL*} – Vòlè Machin** - Fè atanta pou vòlè yon veyikil a motè. Egzanp: vòlè yon machin otomobil, yon kamyon, yon motosiklèt, yon charèt pou teren gòlf yo, yon ti charyo ak batri, yon RV oswa nenpòt lòt machin a motè. L3

***Out of Assigned Area*** **- Pa nan zòn li te sipoze ye a** - Elèv la twouve li nan yon zòn kote li pa dwe ye san pèmisyon ak/oswa nan yon zòn ki entèdi san pèmisyon. L1

***Out-of-School Suspension*** **- Sispansyon Andeyò Lekòl -** Se voye elèv la lakay li tanporèman pou yon peryòd 1 jiska 10 jou. Pandan sispansyon andeyò lekòl la, yo entèdi elèv la pou li vini nan lekòl la oswa nan nenpòt aktivite lekòl la ap òganize.

***Petty Theft/Stealing (less than $300)*** **- Ti vòl/vòlè (mwenske $300) -** Akapare, bwote, oswa kouri ak zafè yon lòt moun ki koute mwenske twasan ($300) valè posesyon an, oswa benefis posesyon an nan men yon lòt moun. L2

***Physical Aggression (not involving Law Enforcement)*** **- Agresyon fizik (ki pa enkli lapolis)** - Atak fizik ki fèt sou lòt moun ak entansyon pou pouse li, rale li, ba l kou oswa frape li. Jeneralman, aksyon fizik sa a pa blese moun nan ni pa mande pou lapolis entèvni. L2

# Glosè

***Physical Aggression (non SBE and SBE)*** **– Agresyon Fizik –** Itilize fòs oswa vyolans entansyonèlman ak ilegalman sou yon lòt moun san domaj kòporèl grav epi moun nan pa defann tèt li. L3

***Physical Attack {PHA*}*** **– Atak Fizik –** Frape entansyonèlman yon lòt moun kon volonte li, oswa nan entansyon pou blese yon endividi. L3

***Prescription Medication {DRU*}*** **- Preskripsyon Medikaman** - Posede, itilize, kache, oswa sou enfliyans sibtans yon lòt moun ki mande preskripsyon yon doktè, move itilizasyon pwòp preskripsyon medikaman yon lòt moun oswa posede, kache oswa itilize medikaman san preskripsyon, (otke sa ki nan lis materyèl yo entèdi yo) san konsantman paran ak avètisman lekòl. L3

***Profane/Obscene Language*** **– Langaj Pwofàn/Vilgè -** Langaj abizif, pwofàn, obsèn oswa vilgè (vèbal, ekri oswa jès) oswa konduit an prezans yon lòt moun. L2

***Prohibited items*** **– Atik ki Entèdi -** Posesyon ak/oswa izaj nenpòt objè trafike oswa atik enpòte lekòl la klase kòm atik ilegal oswa ki pa apwopriye nan lekòl la AK nenpòt lòt atik ki kab koze distraksyon oswa domaj sou lòt moun oswa sou pwopriyete, oubyen tou ki twouble atmosfè lekòl la nan anpeche elèv aprann (enkli men ki pa limite ak jwèt ki tire likid, nan labou, alimèt ak brikè) L1.

***Public Displays of Affection*** **– Karese an Piblik -** Angaje nan kontak fè lanmou ouvètman an piblik oswa ak langaj ki pa apwopriye nan anviwònman lekòl la. L1

***Reckless Vehicle Use*** **{OMC*} – Kondui Machin san Prekosyon** - Sèvi ak nenpòt veyikil a motè sou lakou lekòl la san prekosyon oswa nan yon fason ki menase sante, sekirite, byennèt lòt moun oubyen ki entewonp fonksyònman nòmal lekòl la. L3

***Restitution*** **- Restitisyon -** Ranbousman pou domaj ak pèt elèv la lakoz.

***Restorative Justice*** **- Restorasyon Jistis -** Yon metòd byen estriktire sou direksyon yon fasilitatè kalifye kote patisipan ki te enplike nan ensidan yo ap egzamine konsekans ni entansyonèl ni envolontè aksyon yo te komèt yo lakoz ak deside sou ki solisyon entèpèsonèl yo kab kontribye pou repare tò yo ak retabli amoni nan relasyon yo.

***Ripple Effects*** **- Enfliyans -** Yon pwogram medya ki byen fèt pou domèn ki gen pwoblèm konpòtman an epi ki pèmèt elèv la travay poukont li.

***Robbery {ROB*}*** **– Vòl -** Pran oswa atanta pou pran nenpòt bagay ki gen valè ki se pwopriyete lòt moun nan sikonstans dwòl, pa lafòs oswa lavyolans ak oswa mete viktim nan yon sitiyasyon lapèrèz. (Diferans fondamantal ki genyen ant gwo vòl ak ti vòl se menas vyolans ki toujou fèt nan ka gwo vòl yo). L3

***School/Class Rules*** **– Règ Lekòl/Klas -** Vyolasyon espesifik sa ki poste, ekri nan klas oswa règ nan klas ki pa nesesèman deranje konpòtman (egzanp: manje gòm toutan) L1

# Glosè

***Sexual Assault {SXA*}* – Agresyon Seksyèl -** Yon ensidan ki enkli yon menas vyòl, karès, libète endesan, agresyon seksyèl sou timoun oswa sodomi. Ni elèv mal ak ni femèl toude kapab viktim. Klasifikayon ensidan sa yo dwe pran an konsiderasyon laj ak kopòtman apwopriye nan devlòpman ofansè a (yo). L3

***Sexual Battery {SXB*}* - Kadejak (tantativ oswa penetrasyon seksyèl fòse)** Tantantiv penetrasyon oral, anal, oswa vajinal fòse pou antre kèlkeswa bagay la nan ògàn seksyèl yon lòt moun. (Lwa Eta Florid, paragraf § 794.011(1)(h)). Sa kapab enkli tou zak seksyèl pi wo yo si yo plase elèv la anba enfliyans dwòg oswa alkòl avèk entansyon pou komèt yon zak konsa. L4

***Sexual Harassment* {SXH*} - Arasman Seksyèl -** Konpòtman ki gen konfwontasyon fizik oswa vèbal ladan li ki fèt san konsantman moun ki viktim nan ki lakoz yon santiman penib ak imilyasyon oubyen ki kreye yon anviwònman ostil pou moun nan. (Konpòtman seksyèl endezirab vizavi yon lòt moun) L2

**Sexual Misconduct {SXO*} – Move Konpòtman Seksyèl –** Kontak seksyèl , enkli penetrasyon, san pa gen presyon oswa menas presyon. L3

***Silent Lunch/Lunch Detention* - Manje an silans/Pinisyon -** Yon kote separe ak/oswa deziyasyon yon plas byen detèmine pou elèv la chita pandan yon peryòd lè rekreyasyon ki tabli regilyèman pou li. Anplis administratè a gen dwa mande li ede fè netwayaj nan kafeterya a, swa pou bale, siye tab ak/oswa fè lòt aktivite netwayaj.

***Stay Away Agreement* – Akò Kanpe Lwen** – Yon akò fòmèl k ap regle mouvman victim nan ak ofansè a nan ensidan agresyon ak /oswa vyolans nan frekantasyon. .

***Stealing more than $300 {STL*}* - Volè plis pase $300 -** Pran oswa vòlè ilegalman sa yon lòt moun posede, san menas, vyolans oswa agresyon fizik, ak entansyon pou te anpeche mèt byen an toujou gen byen li pou sèvis li kòm pwopriyete li. Pran yon bagay kèlkonk oswa pran yon bagay andedan yon machin sou lakou lekòl la fè pati ladan l tou. Lapolis dwe entèvni. L3

***Tardiness (Habitual)* Reta (Abityèl) -** Elèv la ap anreta toutan nan klas oswa kote li sipoze ye a. L1

***Threat (non-criminal)* - Menas (ki pa kriminèl)** - Deklarasyon ki pa gen menm nivo gravite ak yon atak kriminèl. Menas avètisman ki pa fin grav men ki poze yon minimòm danje pou viktim nan oswa pou sekirite piblik. Menas la vag oswa endirèk, enfòmasyon ki ladan an pa fin konsistan, li vwale oswa li pa bay detay; menas la pa chita sou reyalite, epi fason li fèt la montre moun nan pa sanble li kab egzekite li tout bon. L2

***Threat of Violence (High Level) {TRE*}* – Menas Vyolans (Wo nivo) –** Menas wo nivo se yon menas ki sanble poze anpil danje serye pou lòt moun; menas la dirèk, espesifik ak konvenkan; menas la sigjere yo te pran etap konkrè pou egzekite l, pa egzanp, deklarasyon yo endike agrees a te gen oswa pratike avèk yon zam oswa viktim nan te sou siveyans. L4

***Tobacco/Alcohol/Drug Alternative*** **- Altènativ pou sigarèt/alkòl/dwòg -** Yon pwogram ki fèt pou edike elèv nan yon sans pou dekouraje li fimen sigarèt, bwè tafya ak oswa pran dwòg alavni. Jeneralman, sanksyon sa a sèvi kòm altènativ pou evite sispansyon elèv la lekòl la oswa pou redui kantite tan sispansyon lekòl la bay yon elèv.

# Glosè

***Tobacco Products TBC**** **- Pwodui Tabak –** Posesyon, izaj, vant, depo oswa distribisyon pwodui tabak sou pwopriyete lekòl. Pwodui tabak/nikotin enkli men pa limite ak sigarèt, e-sigarèt, siga, priz tabak, tabak nan pip, moulen tabak ak pip an plim. L2

***Trepassing TRS**** **- Pasaj Entèdi-** Pou antre oswa rete nan lakou yon lekòl piblik, lokal administratif lekòl, oswa nan fonksyon yon lekòl san pèmisyon oswa envitasyon ak san objektif legal pou antre, enkli elèv ki nan sispansyon oswa ekspilsyon; pou antre oswa rete nan lakou yon lekòl piblik, lokal administratif lekòl, oswa aktivite nan yon lokal distri lekòl la sibvansyone san pèmisyon apre administratè an chèf la oswa reprezantan l bay lòd degèpisman nan lokal la, lakou oswa yon fonksyon. L3

***Truancy (Unexplained Absence***) - **Woul /Absans san motif** - Yon absans nan klas oswa lekòl la ki pa bay okenn rezon ni eskiz oswa ki pa nòmal ni ranpli kondisyon pou konsidere kòm yon absans motive. L1

***Vandalism (more than $1000***) **VAN* - Sabotaj ki koute plis pase mil dola $1000 -** Destriksyon, domaj, oswa sabotaj volontè sou yon pwopriyete prive oswa piblik, reyèl oswa pèsonèl ki fèt san konsantman pwopriyetè a oswa moun ki responsab oubyen k ap kontwole pwopriyete a.

**Vape/ENDS Devices - Sistèm Ekipman ki Delivre Nikotine an Vapè –** Posesyon yon ekipman vape/ENDS, kèlkeswa sa ki ladan, ap klase kòm posesyon yon pwodui ki gen tabak.  Sepandan, posesyon yon ekipman vape/ENDS ki genyen yon dwòg ilegal ap klase kòm posesyon dwòg.

***Verbal Assault*** **- Agresyon Vèbal -** Nenpòt zak entansyonèl oswa menas ilegal ki fèt ann aksyon oswa an pawòl pou komèt vyolans sou yon anplwaye distri a ak aparans ou kab fè sa vrèman vre, oubyen ki apiye ak kèk aksyon byen fonde ki fè moun nan pè ou kab fè vyolans la tout bon. L3

***Victim Safety Plan*** **– Plan Sekirite pou Viktim -** Yon akò fòmèl ki espesifye aksyon elèv yo ak ofisyèl lekòl la pral pran pou pwoteje victim yo kont agresyon ak/ vyolans nan frekantasyon.

***Voluntary Restitution*** **– Restitisyon Volontè -** Elèv la ap pran dispozisyon fè yon seri aksyon pou korije erè li te fè a, pou mande eskiz, oswa pou ranplase pwopriyete li te detwi oswa sabote a.

# Akwonim

**ATOD** = Alcohol, Tobacco and Other Drugs *(Alkòl, Tabak ak lòt Kalite Dwòg)*

**AOD** = Alcohol or other Drugs *(Alkòl ak lòt Kalite Dwòg)*

**ENDS=**Electronic Nicotine Delivery System (Sistèm Elektwonik pou Aspire/Respire Nikotin)

**ESE** = Exceptional Student Education *(Ansèyman pou Elèv Espesyal)*

**ELL** = English Language Learners *(Elèv k ap Aprann Pale Anglè)*

**EP**= Education Plan *(Plan Edikatif)*

**IEP** = Individual Education Plan *(Plan Edikatif Endividyèl)*

**LEP** = Limited English Proficiency *(Ki pa fin pale anglè byen)*

**MDR** = Manifestation Determination Review *(Revizyon Detèminasyon Mainfestasyon)*

**PBC** = Palm Beach County *(Rejyon Palm Beach)*

**SwPBS** = School-wide Positive Behavior Support *(Sipò pou Konpòtman Pozitif atravè Lekòl la)*